Chisimbiso Chechitatu

Manheru akanaka, shamwari. Ngatisimukei zvino kwechinguvana tinamate. Tokotamisa misoro yedu.

2 Baba vedu veKudenga, tichinzwa rwiyo urwu—urwu rwakanaka, tiri—tiri kufunga, Ishe, nezve . . . kuti Muri pedyo. Uye tinonamata kuti Mutigamuchire manheru ano, Ishe, sevana veNyu, muchikanganwira zvivi zvedu zvose nekudarika kwedu, uye nekutipa maropafadzo eNyu, sezvo tiri vanhu vanoshaiwa.

3 Uye munguva ino huru yatiri kurarama zvino, uye tinoona, gore negore, kuri kuramba kuchiwedzera kusviba nekusviba, kunyika. Uye Kuuya kwaShe kuri kuramba kuchiwedzera kupenya nekupenya, paVari kuzvizarura pachaVo mu . . . muShoko raVo nemukuratidzwa kwaVo. Tauya zvakare, manheru ano, Ishe, kuzoedza, pamusangano uno, nekuKukumbirai kuti muzarure kwatiri, Ishe, Chisimbiso Chechitatu ichi cheBhuku rino, kuti chigozivikanwa kwatiri, kuti tigoziva zvekuita uye mararamiro, uye nekuti tingava sei Makristu ari nani.

4 Ndinonamata, Mwari, kuti Mugoita kuti wese asiri Mukristu ari muno, manheru ano, acherechedze kuti anotoda iMi. Zviiteiwo. Uye ndi—ndinonamata, Baba veKudenga, kuti Mukristu wese akazvarwa patsva acherechedze kuti anofanira kugara pedyosa kupfuura zvaakambova kumashure, kuti tose tive muhumwe hwerudo nekutenda kweChikristu.

5 Itai kuti munhu wese anorwara ari pakati pedu apodzwe manheru ano, Ishe. Vanocherechedza kuti vanotoda iMi. Uye ndinonamata, Baba, kuti Mugoropafadza zvose zvaitwa kana kutaurwa, zviitirwe kukudzwa pamwe nembiri yeNyu, muZita raJesu tinozvikumbira. Ameni.

6 Zvino, zvakare, manheru ano, taunganira pamwe chete zvakare huno, hu—husiku weChitatu chevhiki. Uye tiri kuvimba naShe, manheru ano, kuti vagodururura ma—maropafadzo aVo makuru paShoko raVo. Uye nhasi ndanga ndichinzvera, semazuva ese, uye ndichiedza kufunga nezvezvinhu zvingave zvakanyanyofanira kutaura, uye nenyaya yacho, mataurirwo ayo, uyezve ndichivimba naShe kuti vagondipa dudziro yacho uye nezviri kurehwa zve—zveShoko iri rakanyorwa. Uye ndinoVatenda nezvaVakatiitira mukati mevhiki rose, izvo isu . . . zvekuzarurwa kweZvisimbiso izvi.

7 Uye, ini, pamwe chingava chinhu chakanaka kana Svondo mangwanani, pa . . . Munoziva, nguva zhinji . . . Hatireveri kuti tisanzwisiswe, asi, munoziva, imi . . . Zvinosvika pakudaro. Uye saka, pamwe, Svondo mangwanani, kana vose vane mubvunzo mupfungwa dzavo pamusoro pazvo, vagonyora nekuzoisa

padhesiki pano, Mugovera manheru, uye kuti ndikwanise kuona zvairi. Uye zvadaro ndoedza kukupindurirai, Svondo mangwanani, Ishe vachitendera. Ndinofunga kuti zvingave zviri nani pane zvatanga tichironga, nekuti dzimwe nguva hazvinzwisiswe, munoziva. Uye nenzira iyoyo ndichawana . . . Zvingave zviri nani kuti ndigo—ndigozvijekesa, munoziva. Zvinozova izvo zvazvinotongofanira kuva. Nokuti, dzimwe nguva, zvino . . .

8 Mumwe munhu afona nhasi ndokutaura, kuti—kuti, afona zvino achida kuziva kana chiri chokwadi, kuti, "Pachaitika ku—Kubvutwa, pachangova nemunhu 1 muJeffersonville ne 1 muNew York, uye vamwe vose vari mhiri kwemakungwa." Saka, munoona, zvinongotadza kunzwisiswa. Mumwe munhu akabva ataura, kuti, "Mugovera manheru, kana Ishe vakatipa Chisimbiso chekupedzisira, zvino Jesu achazova pano Svondo mangwanani." Maona? Saka zviri—zviri . . . Munoona, imi—imi hamu . . . Izvozvo, handizvo. Imi hamu . . . Handizvo.

9 Hatizive. Kana chero munhu akakuudzai kuti vanoziva paAchauya, moziva kuti vari kukanganisa, pakutanga kwacho, nekuti hapana anozviziva izvozvo. Asi tinoda kurarama, nhasi, sekunge kunotova zvino uno.

10 Ndichaita sekukutenderedzai zvishoma, saka gadzirirai. Ndi—ndinotenda kuti Jesu ari kuuya mukati, measingasviki, maminitsi 3 kubva zvino uno, enguva yaKe. Munoziva kuti inguva yakareba sei? Angaita makore 35. Munoona, makore 1,000 izuva 1 bedzi, kwaAri, munoona.

11 Saka, ukanzwa muapostora kumashure uko achiti, "Nguva yave pedyo," neche kuno, "nguva yave pedyo." Muapostora akazvitaura muna Zvakazarurwa. Munoziva kuti yava nguva yakareba zvakadii? Haasati . . . Aingova nezuro, kuna Mwari, haasati atosvika mazuva 2 nazvino.

12 Uye, munoona, kana ari maminetsi 3, ari pasi pemaminetsi 3 eKuuya kwaKe, munoona, anenge ari makore 30, tingati, kwatiri, kana zvimwewo zvakada kudaro. Uye tarisai kuti, maminetsi 3 anenge akadii kwaVari: Vari kutosimuka, kuti vauye. Saka isu, iwe . . . dzimwe nguva paunoverenga apa, Vari kutaura nenzira yeShoko, munoona, kwete nemataurirro edu.

13 Zvakare kana dai ndaiziva kuti Vari kuuya mangwana manheru, mangwana manheru, mangwana iwayo ndinotonzvera ndoVakumbira kuti vandipe Mharidzo yeChisimbiso Chechina. Uye ndouya zasi kuno ndoIparidza, zvimwe chetezvo. Maona? Ndi—ndinoda kunge ndichiita mazuva ese chaizvo zvandinenge ndichiita kana Akauya. Uye handizive imwe nzvimbo iri nani kunze kwekuwanikwa ndiri panzvimbo yebasa chaiyo, munoona, panzvimbo yebasa chaiyo. Saka tinongoramba tichienderera mberi kusvika Auya.

14 Dzimwe nguva patinongoverenga, uye, zvino, nyatsongwarirai. Uye pamunoverenga, torai matepi, monyatsoteereresa kwaari. Nekuti, muchazviwana patepi, nokuti vanga vachiridza matepi iwayo kumashure, uye akanakisa kwazvo zvakare akajeka. Saka, munozviwana zvakanyatsojeka ipapo.

15 Zvino, munhu wose ari murudo naKristu, ndinovimba, manheru ano, uye munhu wose anoMuda.

16 Munombozivei, dzimwe nguva, chinhu chinovhiringidza vanhu, kuti mumwe munhu anouya osawana chikamu chekutanga cheshumiro, munoona. Vobva vauya uye vokunzwa uchitaura zvekumashure, kudzokorora, chimwe chinhu, zvino vanobva vatora izvozvo, zvataurwa, asi vasina kuwana chikamu chekutanga. Zvino zvose zvinovavhiringa, munoona, ipapo. Uye vanotofunga kuti chimwe chinhu chataurwa zvakasiyana, asi iCho—asi iCho chisina.

17 Saka kana uine mubvunzo wausinganzwisise, ingounyora papepa. Wouunza, chero nguva kubva zvino kusvika Mugovera manheru. Uye ndichaedza, Svondo mangwanani, ku. . . Kana zvichidzungaidza zvishoma, unoti, "Zvino, handizivi chaizvo kuti *izvi* zvairevei apa. Handina kuzvinzwisisa." Munoziva zvandiri kureva. Zvino ndichaedza kukupindurirai, Svondo mangwanani, Ishe vachitendera.

18 Zvino, manheru ano tichaverenga kubva muShoko rekare iri rakaropafadzwa zvakare, muchitsauko 6. Uye tinotanga manheru ano neChisimbiso Chechitatu. Zvino iyi indima 5, ndima 5 ne 6.

19 Uye mangwana manheru tinopedzisa vatasvi 4 ava; bhiza jena, nebhiza dzvuku, bhiza dema, nebhiza pfumbu.

20 Zvino ndinoda kutaura izvi. Kuti, nguva imwe neimwe, kunyange kusvika mangwanani ano, anenge. . . Oo, ndinomuka rungwanangwana, chairwo ndotanga kunamata zvinhu zvisati zvatanga kufamba-famba, ndongoramba ndichinamata zuva rose. Asi mangwanani ano, rungwanangwana, Mweya Mutsvene wauya pandanga ndiri. Uye zvakangojekawo sechimwewo hacho chinhu, nda—ndaona chimwe Chisimbiso ichi chichizaruka zvino, chaizvoizvo. Zvino—zvino—zvino, Vanondinzwa, ndinozviziva. Uye ndinotenda zvikuru.

21 Zvino, munongorangarira kuti pane chimwe chinhu chiri kuitika. Icho, ndi—ndinovimba kuti muri kuchibata, munoona, ipapo. . . kuti pane chimwe chinhu chiri kuitika. Ndiri kungoda kuzoedza chechi ino imwe nguva, ndoona kana vachigona chaizvo kubata chimwe chinhu chisati chanyatsoitika. Zvino rangarirai, rangarirai zvandakuudzai. Uye, zvino, Ishe vatibatsire.

22 Zvino mundima 5.

Zvino *akati azarura chisimbiso chechi 3,* ndakanzwa chipuka *chechi 3 chichiti, Uya* . . . uone. Zvino ndakatarira, uye *ndikaona bhiza dema;* uye iye *akanga akaritasva akanga ane chiyereso muruoko rwake.*

Zvino ndakanzwa *izwi pakati* pezvipuka *4* richiti, *Chiyero che*gorosi *chichatengwa nedhinari, nezviyero 3 zvebhari nedhinari;* asi uone kusakuvadza *mafuta ne* . . . *waini.*

23 Zvino ngatipei nheyo shoma pachiri, uye paZvisimbiso zvatakapfuura. Nokuti, sezvakangoita mumazera echechi, handiti, tinoedza kupa nheyo, kuriita sekuti pfuurirei zvishoma, kusvikira wagona ku . . . Ndiyo nzira iyo mazera ari chaizvo muRugwaro, rimwe rinopinda mune rimwe, saizvozvo. Sekukwira manera, uye kukwira sitepisi, waro; rimwe richidzika kuenda kune rimwe, uye richidzoka saizvozvo, paunenge uchikwira sitepisi.

24 Uye zvino, Zvisimbiso izvi, izvo . . . Ndiro bu—Bhuku reRudzikinuro, rakasimbiswa. Munhu wose anozvinzwisisa here izvi? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Uye Bhuku iri rakasimbiswa neZvisimbiso Zvinomwe. IBhuku rakasimbiswa ka 7. Maona?

25 Uye zvino rangarirai, sezvatakazviratidza kwamuri, uye tikazvitora kubva kuna Jeremia navose. Zvino, ivo, pavakava . . . Vakanyora se*zvizvi*, pachidimbu che—chepeji, kana kuti bepa, waro; kana, kwete bepa, asi rakanga riri dehwe. [Hama Branham vanoshandisa mapepa kuratidza kumonwa nekusimbiswa kwemupumburu—Mupepeti] Zvino vairimona, se*zvizvi*. Zvino izvo . . . Uye zvakare kumucheto kwaro kwaisiiwa kwaka*dai*; izvozvo zvinoratidza zviri ipapo. Zvino rinotevera racho rinotora mhando imwe chete yenzvimbo, richimonera nenzira imwe cheteyo, richimonera sa*izvozvo*. Uye zvakare, kumucheto kuno, kunobvarurwa sa*izvozvo*, uye kosiiwa rimwe.

26 Zvino, ndiro rakanga riri Bhuku rakasimbiswa ka 7. Zvino takanga tisina kumbobvira tava neMabhuku *akadai* kusvikira zvino uno. Mabhuku munguva dzekare aiva mipumburu. Yaimonwa. Uyezve kana vachida imwe nyaya kana chero chimwe chinhu . . . Sekuti kana—kana Bhaibheri rakamonwa, uchida kuverenga Bhuku raIsaya; waizovhura zasi kuno kuna Isaya, woRimonyorora sa*izvozvo*, woRiverenga. Zvino iri iBhuku reRudzikinuro rakasimbiswa ka 7.

27 Uye zvino tinoona kuti Gwayana rinobuda, rotora Bhuku kubva muruoko rwaiYe agere paChigaro chehushe, uye roparura Zvisimbiso, uye—uye rosunungura . . . uye rosunungura iChocho, kusunungura Zvisimbiso izvi kuvanhu.

28 Uye Zvipuka 4 zvakagara ipapo, zvatakatora mumazera echechi, Zvipuka 4 zvimwe chete, munozviona nzira yose nemuMagwaro, uye ndiZvo Zvinozivisa Zvisimbiso

izvi zvichiparurwa. Zvino, uye tinoona kuti ibhu—Bhuku reRudzikinuro.

29 Tikabva tadzokera kumashure tikawana mu—Mudzikinuri weHama, ndokuMutora, kuti tione kuti basa raKe raiva rei. Uye zvino kwemakore ose aya, Kristu anga achiita basa reMudzikinuri weHama. Zvino, vese vanozvinzwisisa, itai, "Ameni." [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Anga achiita basa reMudzikinuri weHama.

30 Asi ichauya nguva yekuti basa rerudzikinuro richange rapera. Zvino kana basa rekudzikinura rapera, ipapo Anobva abva paChigaro chehushe chaMwari, paAgere zvino. Asi ichocho hachisi Chigaro chaKe chehushe. "Uyo anokunda achagara neNi muChigaro chaNgu chehushe, sezvaNdakakunda ndikagara paChigaro chehushe chaBaba vaNgu." Ichi hachisi Chigaro chaKe chehushe. Ichi ndecheMweya, Mwari. Kristu, Gwayana, hachisi chaKe. Iye ndiMwari munyama, munoona; anova Mwari mumwe chete, akaitwa munhu. Zvino, Anosimuka kubva pachigaro . . .

31 Kutanga, chiziviso chakapihwa, chekuti, "Ndiani anokwanisa kuuya uye odzi-. . . uye otora Bhuku iri reRudzikinuro?" Munoona, zvehurongwa hwose hwerudzikinuro, kubva kuna Adhamu, nezvose izvo Adhamu akarasikirwa nazvo.

32 Hapana chaive chakarasika kusvikira pana Adhamu. Uye mushure maAdhamu, zvose zvakarasika, panyika. Uye zvinhu zvose pazvisikwa zvenyika zvakarasika. Uye zvose zvakawa pamwe naAdhamu, ndokuyambuka mukaha, wokuti hapana aikwanisa kudzoka, pasina nzira zvachose. Munhu, paakatadza, akasiya nzira yake, haana kuzvisiira nzira yekudzokera pachake. Uyezve ipapo . . .

33 Pakabvunzwa mubvunzo uyu; Johane muzaruri, uyo . . . muporofita Johane, akanga ari muchiratidzo uye akazviona. Zvino kwakanga kusina munhu Kudenga, kusina munhu panyika, kusina munhu pasi penyika, kana ani zvake, ainge akakodzera kutarisa paBhuku. Maona? Zvino chimbofunga nezvazvo! Zvino Gwayana rinouya mberi, uye Rinotora Bhuku. Zvino Johane akanzi arege kuchema zvakare. Akati, "Tarira, Shumba yaJudha yakunda, uye—uye Inokwanisa kutora Bhuku nekuRivhura." Saka, akacheuka kuti aone Shumba, zvino akaona Gwayana. Mukuru akadaidzira, akati, "Shumba yakunda." Asi paakauya ndokutarisa, rakanga riri Gwayana richibuda kubva muChigaro chehushe.

34 Zvino, akanga asati amboZvicherechedza kumashure. Sei? Rakanga ririko kumashure, Richiita basa raRo rekureverera; nokuti Rakanga richijuja ropa nokuda kwavanhu, richireverera vanhu, kusvikira mweya wekupedzisira uyo, wakaiswa muBhuku reHupenyu reGwayana nyika isati yavambwa,

wapinda. Pachangova nehuwandu hwakatarwa kuvapo, uye zvotopera. Ndizvo zvoga. Vamwewo havatombodi kupindamo; havana chishuwo chokuti vapinde. Saka zvino, ipapo, kana mweya wekupedzisira uyu wapinda, ipapo nguva yerudzikinuro inenge yapera.

35 Gwayana rinobva rauya kuzotora kodzero dzaRo kune zvaRakadzikinura, uye ndizvo zvisikwa zvose. Nyika nezvinhu zvose ndezvaRo. Maona? Rakazvidzikinura neRopa raRo pachaRo. Zvino paRinouya kuzotora Bhuku iri, kuRivhura, handiti, ini zvangu, vaive . . . Johane haana kuzochema zvakare. Zvino akatarisa, zvino Gwayana iri rakanga riri Gwayana rakaurayiwa. Rakanga ratourayiwa kare, asi rakanga riri benyu zvakare. Uye zvino takaona kuti gwayana rakauraiwa igwayana rine ropa, riri kujuja ropa kwese-kwese. Rakanga rauraiwa. Mushure mekunge Rauraiwa, Rakanga ramuka zvakare. Rainge rakagara paChigaro chehushe, toti, kumashure seri kweChigaro chehushe, se*zvizvi*, richireverera mweya yose iyi yaizouya. Zvino wekupedzisira paakanga ave pano, zvino zvakapera, ivo . . . Mwari vanga vachakabata Bhuku reRudzikinuro. Maona? Zvino Vari kungoita basa reMudzikinuri zvino.

36 Sezvakaita, Bhoazi akadzika zasi, uye Rute ainge akangogara ipapo akamirira kusvikira Bhoazi . . . Ndinoreva kuti, Bhoazi aita rudzi-. . . hama, basa rokudzikinura. Muchiri kurangarira here ndichizviparidza, kasiri kare? Rute, achikohorora; uye, Rute, chero zvaakaita; uye zvichienda zvichidzika, zvino chokupedzisira chaiva, Rute, akamirira. Munorangarira here kuti ndakazvifananidza sei muChechi? Apo, Bhoazi akadzika kunoita basa rokudzikinura. Akazviita; akabvisa shangu yake ndokupa huchapupu, ndokudzikinura Naomi, uye, kuburikidza namo, akawana—akawana Rute. Zvino, saka, Rute ainge akangomirira, nekuti akanga atoshanda kare. Akanga aita zvimwe zvinhu zvose izvi, asi ainge akamirira zvino. Uye zvakare apo . . . Chechi yakamirira, yakazorora (vazhinji vavo, vazhinji vacho, vari muguruva renyika), paAri kuita basa raKe reMudzikinuri weHama.

37 Zvino nyika ichiri kungowedzera kuipa. Uye chivi chiri kuita murwi, uye—uye hurwere, nematambudziko, nerufu, nekusuwa. Varume vasina Mwari nevakadzi vasina Mwari vari kufa chaizvo. Kenza inovadya, nezvimwe zvese, apo vanenge vachitadza kuzviwanira kutenda kwakakwana kwekusvikira ipapo uye vokubata.

38 Zvino cherechedzai. Asi zvino mushure mekunge zvese zvapera, mushure mekwaKe kureve-. . . Kureverera kwaKe kwapera, Anouya, otora Bhuku kubva muruoko rwaiYe. Uye zvakare Johane, nezvose zviri Kudenga, ndokutanga . . . Mweya iri pasi peartari inotanga kudanidzira. Tinozviwana muChisimbiso Chechitanhatu, zvakare. Uye kuti vakafara sei! Uye—uye vakawira pasi, vakuru, ndokudururura minyengetero

yavatsvene. Zvino mweya yaiva pasi peartari yakadanidzira ichiti, "Makakodzera iMi, nokuti Makatidzikinura kuna Mwari! Uye tiri kudzokera panyika, kunorarama semadzimambo nevaprisita." Oo, pakanga pane kukuru . . .

39 Zvino Johane akati, "Munhu wese ari Kudenga, zvose zviri pasi penyika, nezvose," zvakamunzwa achirumbidza Mwari pamusoro pazvo. Johane anofanira kunge akawana zita rake Ipapo, munoziva. Nguva yese iyoyo!

40 Akabva ati, "Akakodzera kutora Bhuku reRudzikinuro." Zvino harichisiri reMutongi zvachose. NdereMudzikinuri, uye Akaita basa rerudzikinuro.

41 Zvino Ari kuzoratidza Chechi zvaAkaita. Ameni. Maona? Ipapo Anongotora . . . Asi Bhuku rakavharwa. Hapana aiziva, zvachose. Vanoziva kuti Raiva Bhuku reRudzikinuro, paRiri ipapo, asi Richazozarurwa mumazuva ekupedzisira. Maringe naZvakazarurwa 10, mutumwa wechi 7 achapihwa Mharidzo yaZvo. Nokuti, Yakataura, kuti, "Panguva yekuridzwa kwezera rechechi yechi 7, mutumwa wechi 7, paanoridza, zvakavanzika zvose zvaMwari zvinofanira kupedziswa, nokuridza kwake." Zvino, mushure mekunge Zvazarurwa, Mutumwa akaburuka kubva Kudenga, anova Kristu. Zvino rangarirai, mutumwa uyu ari panyika, nhume.

42 Kristu anouya achidzika pasi, munoMuona muchitsauko 10 chaZvakazarurwa; anoisa rutsoka rumwe panyika, rumwe rwacho pagungwa; muraraungu uri pamusoro pemusoro waKe, maziso akaita se . . . uye tsoka dzakaita somoto, nezvimwe zvakadaro; anosimudza ruoko rwaKe, uye opika naiYe anorarama nokusingaperi-peri, ari paChigaro chehushe, kuti, "Nguva haichazovapo." Uye paAnoita mhiko iyi, Mitinhiro Minomwe inobuditsa manzwi ayo.

43 Uye munyori, uyo, apo Johane akatorwa kumusoro, aifanira kunyora zvaakaona. Akatanga kunyora pasi. Akati, "UsaZvinyora." Nokuti . . . "Usanyora Izvozvo." Chinhu chisina- . . . Akati, "Zvisimbise." Chii chiri mukati? "Zvisimbise. UsaZvitaura." Munoona, Zvichazarurwa, asi haZvina kana kumbonyorwa muShoko.

44 Uye zvakare paAkatanga kuzarura Zvisimbiso, tinoona kuti, zvose zvaivhiringa pfungwa. Maona? PaAkazarura Chisimbiso Chekutanga, akafunga, "Zvino pano Chave kuti, 'Zvino zvichasvika pekuti *nhingi-nhingi* achatora chigaro chehushe, uye *mumwewo* oita *izvi*, uye *uyu* achaita *izvo*.'"

45 Asi pazvakaitika, hepano ndokuenda, bhiza jena, rakatasvwa, uye nemutasvi ari pariri. Zvino, "Akanga akabata uta muruoko rwake; uye akapiwa korona, mushure mechinguva," akadaro. Ndizvo zvoga.

46 Zvino Gwayana rakatendeuka zvakare, rikasvomhora chimwe Chisimbiso, zvino hepano pachibuda dema . . . mutasvi

webhiza dzvuku. “Uye aive ne . . . akapihwa mu—munondo; uye akanga ari kuzoita hondo; uye akapihwa simba guru, pamwe nekubvisa rugare panyika, uye vachiurayana.” Chaiva chakaita se . . . chichiri chinhu chisinganzwisisike (chaive chisiri here?), paAkaChizarura.

47 Zvino ndokuenderera mberi, ndokuti, “Muzuva iroro rekumashure kweMitinhiro Minomwe iyi, zvakavanzika zvese pano zvazarurwa.”

48 Zvino tarirai. Zvadaro tinoona, sekudzidza kwatanga tichiita, kuti, zvichidzika nemumazera, takava nevavandudzi, kwete vaporofita. Vavandudzi! Uye hofisi imwe neimwe inotakura basa rayo pachayo—rayo pachayo.

49 Zvakangofanana nemunhu ano—anoshanda nemafoni, haasi chaizvo munhu wemagetsi. Anogona hake kungoita zvishoma paari. Zvino sekuti, kana munhu ari mugadziri wewaya dzemagetsi, zvino, iye zvirokwazvo . . . Mumwewo munhu anochera makomba emapango, uye asina kumbobvira akaita basa rekugadzira waya idzi, ngaagare hake kure newaya; asi angangoitawo kabasa kadiki kekugadzira-gadzira kana chimwewo chinhu.

50 Asi kana Chinhu chacho chaicho chiri kuzozarurwa pazuva rekupedzisira, chechikamu chekupedzisira cheChechi, ndipo pacho Mwari vakataura kuti Vaizotumira kwatiri, maringe neMagwaro. Uye takazvinzvera hazvo nemune zvose nemose, kuti Vakafanotaura kuti Mweya waEria waizodzoka uri mune mumwe munhu. Zvino, ndinofunga kuti zvanyatsojekeswa. Uye isu . . . Uye tiri kutarisira kuti izvozvo zviitike; pane imwe nzvimbo, munhu akazodzwa, mumazuva ekupedzisira, kuti agosimuka. Zvino muchanzwa vapengereki vakawanda nezvimwe zvose, asi izvozvo zvinongo—zvinongoedza ku . . . Ndidhiyabhore, ari kuedza kubvisa pane wechokwadi paanosvika pano, munoona. Asi zvichanyatsoratidzwa. Munoziva zvaiva Eria; zvino tarisai izvozvo, uye mu—muchaziva. Uye zvakare kana iye . . . Zvino, Vasanangurwa vachaziva.

51 Kwete vamwewo; zvechokwadi havasi kuzozviita. VachaZvipotsa, nekure chaiko. Sekuti . . . Takapfuura mune zvese izvozvo, uye tikaratidza kuti vakapotsa sei Johane, vakapotsa sei Eria, vakapotsa sei Jesu, kuti vakavapotsa sei nzira yose iyi. Uye vachaita zvimwe chetezvo, nekuti Bhaibheri rakati vaizodaro. Maona? Saka zvino, munguva iyoyo, Zvichange zvakanyanya kuninipa. Zvichange zviri muhunyoro kwazvo. Zvicha . . . zvichazoita kuti vanhu vawe vachibva paZviri. Zviri muhunyoro zvakanyanyisa kwavari. Tinoona, uye nguva dzose, kana vanhu vachizenge vangwara uye vadzidza, nekuziva zvakawanda, zvino vanongo . . . Ndiyo mhando chaiyo inozvipotsa, munoziva. Maona?

52 Jesu haana kumbobvira akatora mhando yevanhu ivavo kuve (vagove) vadzidzi vaKe. Akatora vanhu vasina kudzidza, varedzi vehove, uye hapana akanga akabatana nemachechi avo nezvimwe. Akangotora vanhuwo zvavo, vateresi, nevarimi, nevaredzi vehove, nevakadaro, kuti vaite basa raKe. Maona? Nokuti, va—vanoziva kuti havasi chinhu, Anobva agona kugadzira chimwe chinhu kubva mavari, munoona. Chero bedzi vachiramba vachiziva kuti havasi chinhu, zvino Mwari vanogona kushanda.

53 Asi pavanosvika pakufunga kuti vanoziva chimwe chinhu, ipapo, "Hautozive chinhu chauri kufanirwa kuziva," Bhaibheri rinodaro. Uye saka, zvino, ti—tinozviwana izvozvo.

54 Uye zvino, tinoona, zvino, kuti zvakavanzika izvi zvinofanira kuzarurwa.

55 Uye ko sei vamwe varume ava, Wesley, Luther, nevavandudzi vakuru ava, vakaunza kururamiswa, kucheneswa, zera rePentekosti nerubhabhatidzo rweMweya Mutsvene nezvimwe, sei vasina kubata Mharidzo idzi—idzi? Sei vasina kuDziziva? Nekuti vakanga vari vavandudzi. Maona?

56 Sezvakangoita, zvitore kune rimwe divi, paive nevanhu vakauya vaiva "vakanga vane simba semadzimambo, asi vakanga vasiri madzimambo." Maona? Maona? Unofanirwa kucherechedza matauriro eBhaibheri pachero chinhu chipi zvacho. Maona? Zvino tarisai. Asi, ichi, chikonzero chemagumo ese akatsauka, echikamu chakavanzika pamusoro pekururamiswa, chikamu chakavanzika chekucheneswa, chikamu chakavanzika cherubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Uye, sei, imhandoi yaka . . .? Evha akadya apurosi here, kana kuti akadya damba, kana chimwewo chinhu? Maona? Ko . . .? Chii chaiva mbeu yenyoka? Uye—uye rubhabhatidzo muzita ra "Baba, Mwanakomana, Mweya Mutsvene," kana kuti Zita ra "Ishe Jesu," nderwupi chairwo? Uye, oo, mazana ezvinhu izvozvo, zvakasiiwa zvakarembera. Maona?

57 Uye zvakare munguva yekupedzisira, muchinda uyu anofanira kuuya kuzozarura nyaya iyi, munoona, otora Magwaro. Zvichanyatsoratidzwa nemazvo. Tarisai. Hongu, changamire. Uye, zvino, hachizove chinhu chikuru, kwazvo zvino. Zvinoita sokunge, muno muBhaibheri, chichava chinhu chikuru.

58 Chakanga chakakura zvakadini, Johane paaifanirwa kuuya zasi ikoko kuzobhabhatidza! Chimbofungai zvino. Vaporofita, kumashure, nzira yose kumashure, Isaya, Maraki, uye navose zvavo vakataura nezvake, paakanga achizouya. Zvino paakauya, aingova mugarandega, mutana, asina kudzidza, ane mazindebvu kumeso kwake kwese, nevhudzi rakabuda kunze segonye rine mamvere, uye akamonera chibenga chikuru chedehwe tsaru regwai; asina kudzidza zvachose, asina kumboenda

kuchikoro kana zuva rimwe muhupenyu hwake, sekuziva kwedu. Maona? Hoyo ndokuuya, achibva murenje, asina kana kutombogamuchirwa mune imwe purupiti, ndokumira kunze uko parwizi rweJorodhani akatanga kudana vanhu kuti vatendeuke. Mungambozvifungidzira here!

59 Bhaibheri rakataura, kuti, "Zvose zvichava zvikuru kwazvo nezuva iroro, kusvikira nzvimbo dzose dzakakwirira dzichaderedzwa, nenzvimbo dzose dzakaderera dzichakwiridzirwa." Hongu changamire. "Uye nzvimbo dzose dzakakwasharara dzichaitwa bani."

60 Handiti, ndinogona kufungidzira ndichivaona kunze uko, vachifunga kuti Johane aizobuda, kana uyu mutangiri mukuru waKristu, zvino ongotora gwenga rose orikwenenzvera, uye oriisa huswa zvakare. Maona? Oo, ivo, ndinofungidzira kuti vakanga vaine tarisirowo dzavo pazviri, zvakada kuita sezvavainazvo nhasi.

61 Asi, zvakanga zvakaninipa kwazvo, zvekuti kunyange vaapostora vakazvipotsa. Vakati, "Asika, sei Gwaro richiti, kana . . . Muri kuenda kumusoro uko kunopiriswa zvino? Sei Gwaro richitaura kuti—kuti Eria anofanira kutanga auya?"

62 Akati, "Akatouya kare, uye imi hamuna kuzviziva. Uye, Mwanakomana wemunhu, vachaita zvimwe chetezvo. Asi, Johane," Akati, "akaita chaizvo zvaakanga akanzi achaita. Uye vakamuitira izvo chaizvo zvavaifanira kuita. Uye," akati, "naizvozvowo Mwanakomana woMunhu anofanira kutambudzika."

63 Handiti, pakanga pasina, ndinofungidzira, chikamu 1 kubva mune 3 cherudzi rwose rwemaJudha chakaziva kuti Jesu Kristu aivepo panyika. Havana . . . Vanogona kunge vakanzwa nezvemumwe mupengereki zasi uko kune imwe nzvimbo, asi havana kuita hanya nazvo, vachingoenderera mberi. "Akauya kune vekwaKe pachaKe, uye vekwaKe pachaKe havana kuMugamuchira." Zvino, ndipo pandinotenda kunyangwe . . . Zvino, harina kutaura kuti Aizouya muchivande.

64 Asi Kubvutwa kuchava chakavanzika. Saka kana zvakanga zvakanyanya kuvanzika, paAkauya, ko Kubvutwa kuchange kusingazivikanwi zvakadini! Maona? Havazozvizivi. Chaizvoizvo vachati, "Asika, ndaifunga kuti taifanirwa kuva noKubvutwa. Nekutongwa kwose uku kuri panyika?"

65 Iye achati, "Kwakatoitika, uye imi hamuna kuzviziva." Maona? Zvichava saizvozvo, sezvinongoita mbavha usiku.

66 Sebhu—bhuku randakaverenga, imwe nguva. Rinonzi chii? *Romeo and Juliet*, ndizvo zvaraive here, kana chimwe chinhu? Akaisa, ndokuzendamisa manera parutivi rwemba, neimwe nzira. Ini ku- . . . Kave kare-kare. Uye akauya, akatora wake . . . kumubuditsa nehusiku.

67 Zvino, ndiyo nzira yazvicha—yazvichaitika nayo, uye ichange yaenda. Kwete kuti, vachatumira boka reNgirozi pasi, nemafoshoro, vofukunura makuva. Bhaibheri rakati, "Tichashandurwa, iwe usati watombobwaira ziso rako." Kungoti bwai, zvese zvichange zvapera, nekukurumidza kwakadaro.

Kungoti, "Mumwe munhu anyangarika."

68 Zvakanaka, ndinogona kufungidzira kana dai taikwanisa kutsvaga pasi rese, nhasi, kwakava nevanhu 500 vanonyangarika kubva panyika zuva rega-rega, munoona, havana chavanoziva nezvazvo. Vanongouya, vachinyangarika.

Manje, hakusi kuzova nevakawandisa vachapinda muKubvutwa uku.

69 Zvino, handisi kuda kukuvhundutsirai, uye ini—uye ini—ini—ini—ini handifungi kuti zvakadaro, asi ndinongoda kukuudzai zvaAkataura. Uye munozviziva, imi pachenyu. "Sezvazvakanga zviri mumazuva aNoa, apo vanhu 8 vakaponeswa nemvura. Vanhu 8 kubva panyika, vachiponeswa nemvura."

70 Saka, unoti, "Oo, ini zvangu! Hapana chikonzero chekuti ndiedze." Zvinoratidza kuti hauna mhando yekutenda kwaunoda.

71 Kana pari kuzongova—kuzongova ne 1, achava ini, ameni, nokuti ndinotenda. Maona? Ndiyo nzira yaunoda kuzvitenda nayo, munoona, "Achava ini." Chokwadi. Ndinoda kugara pedyosa naYe, zvekuti ndinoziva kuti Achanditora paAnouya. Ndinozvitenda. Ndizvozvo. Saka kana pane . . . Kana vamwe vose vakazvipotsa, ndichange ndiripo, nenyasha dzaKe. Nokuti, Akandivimbisa izvozvo, uye ndinoziva kuti ndicha—ndichange ndiriko, nokuti haAnyepe. Uye ndinoziva kuti mweya wangu nehupenyu zvinopupura, uye ndinoedza kurarama zuva nezuva sekunge Ari kutouya, saka ndiri—ndiri—ndiri kuzova iyeye wacho. Ndiwo manzwiro aunoda kuva nawo, "Kana kuri kuzova ne 8, ndichava 1 we 8 ivavo; vakava 500, ndichava 1 we 500 ivavo. Hameno zvemumwewo munhu, asi ndinoda kuva 1 we 500 ivavo." Maona? Ndiyo nzira yaunoda kurangarira nayo iyoyo. Maona?

72 Zvino kana ukasazvirangarira saizvozvo, pane chisina kumira zvakanaka nekutenda kwako. Maona? Hauna chokwadi chekuti wakaponeswa, ipapo. Uri kungoita zvekufungidzira. Usadaro. Zvakanaka.

73 Hatisi kuzopinda muChisimbiso ichi, handitika? Zvakanaka. Ndinoda, manheru ega-ega . . . Handizivi kana muine basa nazvo kuti nditore nguva yenyu. Tinogona kuti kurumidzei kubuda. Hapana zvakanyanya . . .

74 Mukuzarurwa kweizvi, kweZvisimbiso izvi, rangarirai, ringori vhesi 1 bedzi. Rekutanga racho, rinotaura zvekuziviswa

kwacho, vhesi rechi 2. Zhinji dzetsanangudzo dzose, nezvimwe zvakadaro, kuverengwa kwadzo, kana—kana kuverengwa kwepfungwa dzavo, uye ndagara—uye ndagara ndichitenda potse sezvavanoita vese, kuti mutasvi uya webhiza rokutanga aiva—aiva chechi yekutanga. Asi Mweya Mutsvene pawakazvizarura, zvaitonyatsopesana nazvo. Uye saka zvino, zvese zvazvinoita, zvinongoratidza zvazviri. Uyezve ndinoedza . . .

75 Zvino, kwandiri, izvi zvinoyera zvikuru. Ndicho chikonzero ndingasva hangu ndapindura mibvunzo iyi. Uye ngatizvitorei, munhu wese achiziva zvakananga, uye nepamatepiwo, zvakare, kuti vanzwisise zvino. Maona? Ndakaedza kutaura kwekanguva, husiku, pakuisa nheyo, kuita kuti vanhu . . .

76 Kumhanyira mukati nekusundira mukati, uye, hamufanire kuita izvozvo. Maona? Asi, zvikadaro, vangori vanhu. Uye muri kupisa mukati—mukati muno, uye imi—uye imi hamuna kugadzikana.

77 Asi mange makanakisa zvikuru, kwazvo. Mazvibatiro akanakisisa andati ndamboona vanhu vachiita, mutabhenakeri, wanga uri musangano uno; nekugara makanyarara, uye vanamai vachiendesa vacheche vavo kukamuri yevana kana vakatanga kuchema. Uye zvinhu zvese zvanga zvakanakisa chaizvo.

78 Asi ndinoedza kuisa nheyo kusvikira ndazonzwa chizoro cheMweya pandiri, kutaura Mashoko aya, kutaura izvo zvinenge zvazarurwa kwandiri. Uyezve kana ndine, pane imwe nzvimbo, ndichiita izvozvo, kana ndikakanganisa pano, zvirokwazvo pano pamberi pavanhu vose Vanondigadzirisa. Ndi—ndinozvida. Zviri—zviri . . . NdinoZvida zvive nemazvo. Hapana chikonzero chekungotora izvo zvaunofungidzira. Pane chimwe chinhu chechokwadi, uye—uye tinoda iChocho. Tinoda kuti Mwari vatipe icho chechokwadi.

79 Saka zvino takatora uyu, vatasvi ava, sekuuya kwavo. Bhiza rekutanga, zvino, uye tinocherechedza kuti ndiye aiva a—antikristu akaenda. Uyezve ndokuona, manheru akapfuura, kuti muchinda mumwe chete akaenda saantikristu, sebhiza jena, takamuwana aine munondo, manheru apfuura, akatasva, uye achiuraya vanhu.

80 Zvino, zvino, pagara pane zvepanyama nezvepamweya. Uye nokuda kweChechi, ndinoda kupa mufananidzo, tisati tasvika pakuvhurwa kweChisimbiso ichi.

81 Zvinova, izvo zvaVandipa, ndazvinyora pasi pano apa. Ndine Magwaro akati wandei pano, mapeji 7 kana 8 azvo, uye pandinenge ndichitaura nezvazvo.

82 Cherechedzai, ndinoda kupa mufananidzo, weChechi, ndonyatsozvijekesa zvekuti munosungirwa kuti muzvione. Maona?

83 Zvino, kwanga kuine mwenga wepanyama mubindu reEdheni. Munorangarira here husiku hwapfuura? Mwenga wepanyama uyu, aiva mudiwa wepamoyo waAdhamu, asati ave mudzimai wake, nokuti akanga asati amuziva semudzimai.

84 Sezvakangoita Maria aive mudzimai waJosefa, asi ainge asati amuziva. "Akawanikwa aine pamuviri." Maona?

85 Zvino, Adhamu asati aziva mudzimai wake, aingova mwenga kwaari. Zvakanaka. Uye tinoona kuti Mwari . . . Mudzimai, akawa mubindu reEdheni nokuti akakundika kubatirira paShoko raMwari.

86 Zvino, Vaiziva kuti Satani aizosunungurwa pakati pavo, saka Vakavapa nzvi—nzvimbo yekugara mairi; ndokuvachengetedza. Zvino, ipapo, ndiani angaziva imwe nzvimbo iri nani yekuchengetedzwa, kupfuura Mwari, kana Vachiedza kuchengeta vana vaVo pachaVo?

87 Dai ndaida kuchengetedza Joseph wangu mudiki, zvinoka, hama, zvese . . . Uye ndichiziva kuti hupenyu hwake hwakazembera pazviri, handiti, ndaizo . . . zvino ndaikwanisa kuzviita. Zvinoka, kana kongiri yakareba mafiti 40, yakasimbiswa nesimbi, iriyo—iriyo yacho yaizozviita, ndiyo . . . Ndaizoiita mafiti 90, kuti ndive nechokwadi, chazvo.

88 Uye kana ndikafunga izvozvo pamusoro pemwanakomana wangu mudiki, (izvo, kana hupenyu hwake hunofa hwarasika, ndotenda kuti mwana anoponeswa,) zvikuru sei, kuna Mwari, kumwana waVo anozorasika Nokusingaperi! Vanofanira kumuisa seri kwechii? Vakamuisa seri kweShoko raVo pachaVo. Chero bedzi uri muShoko iroro, wakachengeteka. "Kana mukagara maNdiri, uye Mashoko aNgu ari mamuri, zvino ingokumbirai chamunoda." Ndizvozvo, Shoko.

89 Saka, Evha akatanga kufamba-famba zvake mubindu, ndokubva asangana nenyoka, mhando yemuchinda aive akakwenenzverwa zvikuru. Uye iye . . . Zvino akatanga . . . Zvino, akanga ari kune rimwe divi. Mwari vanorarama, vanogara, vanoshanda zvakaninipa, kwete zvachose neimwewo nzira. Maona? Zvino, mudzimai mudiki, akaninipa achifamba ipapo, zvino Satani akauyapo semhando yemuchinda akachenjeresa, ane mano, akakwenenzverwa. Zvino aida kutengesera mukadzi hurongwa hwacho. Chero bedzi . . .

90 Hazvina mhosva kuti Satani akanga aripo zvakadini; chero bedzi aigara kuseri kweShoko iri, ainge ari pakanaka. [Hama Branham vanorova-rova Bhaibheri ravo—Mupepeti] Maona? Saka, rega Satani aite chero chaanoda; iwe ingogara neShoko. Hazvina kana mutsauko mudiki wazvinoita.

Kana iye akati, "Manjeka, uri kurwara."

"Nemavanga aKe ndapodzwa."

"Asika, uri kuzofa iwe."

"Achandimutsa zvakare. Akazvivimbisa."

91 Munoona, ingogara kuseri kweShoko. Ndizvo zvoga. Kristu akadzokera kuShoko, pachaKe. "Zvakanyorwa." Maona? Zvino, gara seri kweShoko.

92 Asi, Evha, akatanga kuita sekuregedzera, asi haana kumbozviregedzera zvose. Akangoregedzera kachikamu 1 kadiki kemutsara. Uye ndizvo zvaidiwa naSatani kuti aite. Akamubvisa seri kwevimbiso yaMwari, nekushandisa njere.

Usamboedza kushandisira Shoko raMwari njere. IngoRitenda! Maona?

93 Saka, akabuda kubva maRiri. Zvino Adhamu asati ambosvika kwaari, kuti ave mudzimai wake, akanga atosvibiswa kare naSatani. Uye iye . . .

94 Uye macherechedza here? Kristu akaita zvimwe chetezvo, chaizvoizvo. Zvino, pakudzikinura, Mwari vaifanirwa kuvapo kutanga. Macherechedza here? Maria, asati auya kuna Josefa, Mweya Mutsvene wakanga watosvikako. Ameni. Maona? Ndiko kwakauya neMudzikinuri.

95 Zvino, zvino cherechedzai, mudzimai wepanyama akawa, Mwari ndokumugadzirira nzira yokuti adzikinurwe. Kunyange akanga awa, Vakagadzira nzira.

96 Zvino, ndiye aiva mwenga wekutanga panyika, akawa, apo murume wake naye vasati varoorana. Akawa, ne—nechikonzero che—chekushandisa pfungwa, panzvimbo yekugara neShoko. Ndokuwa. Zvino akawira murufu, kupatsanurwa Nokusingaperi. Pamwe naye, akatora murume wake nezvimwe zvose zvaiva panyika. Akawa!

97 Zvino, asi, Mwari, vazere netsitsi, vakagadzira nzira yekudzikinura mudzimai uyu. Uye zvino Vakamuvimbisa, vachimuudza kuti imwe nguva, mune ramangwana, Shoko rechokwadi richazouya kwaari zvakare. Shoko rechokwadi richaziviswa kwaari. Zvino rangarirai izvozvo. Nokuti, Vakavimbisa Kristu, kubudikidza nemudzimai.

98 Zvino Kristu ndiye Shoko. Mutsvene Johane 1, "Pakutanga kwaiva neShoko, uye Shoko rakanga riri kuna Mwari, uye Shoko rakanga riri Mwari. Uye Shoko rakava nyama," munoona, "uye rikagara nesu." Mwari vakagara nesu munyama. Vakanga vari Shoko.

99 Pasati pava neShoko, ingori pfungwa. Uye pfungwa inofanira kusikwa. Zvakanaka. Saka, pfungwa dzaMwari dzakava chisikwa padzakataurwa, neShoko. Ndipo paVanozviunza kwa—kwauri sepfungwa, pfungwa yaVo, uye inozarurwa kwauri. Zvino, ichiri pfungwa kusvikira *iwe* wazvitaura. Ndicho chikonzero . . .

100 Mosesi akabuda kunonyengetera. Shongwe yeMoto iya yakamukomberedza, zvino Vakati, "Enda, ubate tsvimbo yako yakananga kumabvazuva, uye uti, dana 'nhunzi.'"

101 Kusina nhunzi. Asi akaenda akabata tsvimbo ipapo, ndokuti, "Ngakuve nenhunzi." Kusina nenhunzi zvachose, nazvino. Ndokudzokera hake. Asi mashoko, pfungwa yaMwari, yakanga yatotaurwa. Ishoko, zvino rinofanira kuitika.

102 Zvino hamuone here pakataurwa naJesu? "Kana ukati kugomo iri; kwete kana Ndikazvitaura. Asi *iwe* ukati kugomo iri, 'Suduruka.'"

103 Uye chinhu chekutanga, ndinofunga, munguva yaMosesi, zinhunzi hombe rekare regirini rakatanga kunziririka. Zvino, mushure mechinguva, pakanga pava nemapaundi 5 payadhi imwe. Maona? Dzakabvepi? Ivo . . . Mwari vakadzisika. Hamusi kuona here kuti sei . . .

104 Mwari vanogona kuparadza nyika ino manheru ano, ne—netunyunyu, kana Vachida. Zvino, Vanogona kuunganidza tunyunyu kusvika kumwedzi chaiko. Chinhu choga chaVanogona kuita kungoti, "Ngakuve netunyunyu, kusvika kumwedzi." Ndizvo zvoga zviripo pazviri. Pasina mishonga kana chimwe chinhu, tunongoramba tuchikura, tuchikura, tuchiramba tuchikura. Maona?

105 Vanokwanisa kuita zvaVanoda. Ivo ndiMwari, Musiki. Chinhu chega chekuita kungoritaura. [Hama Branham vanoridza minwe yavo—Mupepeti] Ndizvozvo. Ndivo Musiki. Zvino, kana tikangosvika pakucherechedza kuti Vakuru zvakadii! Maona? Vanongoita zvaVanoshuvira kuita.

106 Vanogara kumusoro ikoko votarisa vanhu, nevadzidzisi vadiki ava, vachingowawata, uye, "Hakuna Mwari," ne—nezvose. Huh! Handiti, zvakangoita sezvavaiva paBhabheri, zvakare. Bhabheri, waro.

107 Zvino tinocherechedza kuti Mwari vakaudza Evha, kuti, "Mushure menguva yakati rebei, Shoko riri kuzodzoka kwauri." Zvino, akawa chirudzii? Ndinoda kuti kirasi yangu izvitaure. Akawa kubva pachii? Evha akawa kubva pachii? Shoko. Ndizvo here? Shoko. Zvino Mwari vakati Vaizogadzira nzira yekumudzikinura kuti adzokere kuShoko zvakare. Zvakanaka. Mushure menguva yakati rebei, Shoko raizoziviswa kwaari. Zvakanaka. Shoko raizouya nechinangwa chimwe chete zvino. Batisisai zvino, zvandiri kutaura. Shoko raizouya kwaari nechinangwa chimwe chete, chaiva cherudzikinuro. Zvakanaka.

108 Asi, kusvikira—kusvikira panguva iyoyo, akanga aine chinotsiva chaizo—chaizoshanda kusvikira nguva yazosvika yeShoko repamavambo. Zvino ma—manzwisisa zvakajeka? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Maona? Vakamuudza kuti Shoko raizouya kwaari zvakare, asi, kusvikira panguva iyoyo,

Vakamupa chinotsiva kusvikira nguva yacho yazosvika. Saka, Vakamupa chipiriso chekuita, chinotsiva Ropa iroro.

109 Zvino, ropa raiva renzombe nemakwai, nembudzi nezvimwe, asi harina kubvisa chivi chake. Maona? Rakangofukidza chivi chake. Harina kuchibvisa, zvachose. Rakachifukidza. Nekuti, rakanga riri ropa remhuka, uye muropa remhuka ndimo mune hupenyu hwemhuka. Rakanga riri chinotsiva kusvikira chairo . . . Zvino pfekai mabhachi enyu.

110 Ropa chairo, remunhu, sezvingave vanhu chaizvo, rakava munyama (Mwari); pasina kusangana pabonde, mhandara, kuberekwa nemhandara kwakaunza izvozvo. Zvino Shoko raMwari, vimbiso, rakava Ropa, uye rikaitwa nyama muMunhu Jesu Kristu Muponesi. "Ropa renzombe nerembudzi, nezvimwe zvakadaro . . . "

111 Asi zvino chimbomirai. Apa Mwari vakaita vimbiso, vachiti zvaizovapo kana Rauya, "Mbeu yemudzimai inofanira kukuvadza musoro wenyoka." Zvino, kana mbeu yake yakauya tongoti ichibva sekuna Adhamu, kana sekuti yakabva kunyoka, nezvimwe zvakadaro, zvino inenge ichingori mbeu yezvivi.

112 Ndicho chikonzero Johane akachema. Kwakanga kusina munhu, nekuti hapana munhu . . . Munhu wese aive mhiri, kwerimwe divi regomba, mukaha. Asi kuri kuuya nguva apo ropa iri remhuka rinotsiva richabviswa, apo Ropa chairo, rakava nyama parakauya: Mwari, vakaitwa nyama neRopa. Bhaibheri rakati ndizvo zvaVaiva. Timotio Wokutanga 3:16, "Pasina gakava chakavanzika chehumwari chikuru: nekuti Mwari vakaratidzwa munyama." Ndizvozvo chaizvo. Kuberekwa nemhandara ndiko kwakazviita izvi.

113 Zvino, ropa remakwai nembudzi rakafukidza chivi, asi harina kuchibvisa, nekuti raiva ropa remhuka. Asi zvaifanira kuva zvakanaka, raifanira kuva chinotsiva.

114 Uye zvechokwadi vakato—vakatojairira chinotsiva ichi, saka vakangoramba vachienderera mberi.

115 Zvino, apo, Shoko rechokwadi, rakavimbiswa rakaratidzwa muna Jesu Kristu, Uyo akaratidza kuva Mwanakomana weMusiki mukuru, Mwari; uye akasimbiswa, pachaKe, nokuva Shoko raMwari rinorarama. Fiyuu! Ini zvangu! Akaratidza kuti Aiva. Aigona kutaura zvinhu kuti zvivepo.

116 Hakuna munhu, kana—kana chii zvacho munyika, chaigona kuita izvozvo. Hapana chinhu pasi pano chinogona kusika, kunze kwaMwari. Dhiyabhore haakwanisi kusika. Iye mutsveyamisi weizvo zvakasikwa, asi haagone kusika. Chivi chingori kururama kwakatsveyamiswa bedzi. Munoziva zvandinoreva. Nhema chii? Ichokwadi chataurwa zvisiri izvo. Maona? Upombwe chii? Chiito chepamutemo chakakodzera chatsveyamiswa. Zvose zviri muchivi, chivi chingori Chokwadi chatsveyamiswa. Zvino, haaigona kusika.

117 Asi Kristu paakauya, akaratidza kuti Aive Musiki. Hero Ropa rakanga ravimbiswa. Zvino kana uchida kuzviverenga, iwe . . . Ngatimbovhurai kwechinguvana. Tichatora nguva pane izvi, zvisinei, manheru ano. Ini . . .

118 Zvinondiita kuti ndihute-hute. Ndinofunga munhu wese anoda kuenda kumba, munoziva. Uye saka zviri . . . [Ungano inoti, "Kwete."—Mupepeti] Zvino ngatitorei Mabasa 2. Maita henyu. Uye tichango . . .

119 Mabasa 2, uye tichaona kuti izvi ndizvo here, kana kuti kwete, kuti Akaratidzwa here kuti Aiva Mwari. Zvakanaka. Vhurai Mabasa 2. Zvino ngatisvikei pano pandima 22, Petro achitaura, paZuva rePentekosti.

> Imi *varume veIsraeri, donzwai mashoko aya; Jesu weNazareta, murume* akasimbiswa *naMwari kwamuri* neminana . . . *zvishamiso ne*chiratidzo, *zvakaitwa naMwari pakati penyu naye,* izvo imi pache- . . . zvaka- . . . imi pachenyu munozivawo *zvakare:*

120 "Munhu anga akasimbiswa, kuti vaiva Mwari pakati penyu." Nezvinhu chaizvo zvaAkaita, zvakaratidza kuti Aive izvozvo. Heuno Petro, amire paSanihedrini, achivaudza.

121 Nikodhimo aiziva zvimwe chetezvo. Akati, "Rabhi, tose tinoziva kuti Muri Mudzidzisi anobva kuna Mwari, nokuti hapana munhu angagona kuita zvinhu izvi kunze kwekunge Abva kuna Mwari." Maona? Vaizviziva. Asi sei?

122 Zvino tarisai. Zvino, Evha akazvivimbiswa izvi. Asi apo . . . Mwenga uyu wakadzika zasi, ndokuramba, pakauya Shoko chairo kwaari. Saka, mudzimai akaramba kucherechedza; mwenga wechiHebheru. Nokuti, akanga ari mwenga wa— waMwari; Vakamupa gupuro, vachimuramba. Ndizvo here? Akanga ari mwenga waMwari.

123 Unoti, "Bva, vakanga vasati vamboroorana." Ndizvozvo chaizvo. Asi Josefa akaramba Maria vasati . . . Akanga achizoramba Maria vasati varoorana. Maona? Akanga akatsidzirana naye.

124 Zvino paVakauya, uye Shoko raVakavimbisa, vauya kumuchato, Vakamuwana akaputirwa mune zvinotsiva zvake, zvakaipa kwazvo, zvekuti haana kugona kutora vimbiso chaiyo yakanga yaitwa, Shoko, Kristu.

125 Pamwe hamusi kuzvibata. Zvino regai ndizvidzokorore zvakare. Ndinoda kuti muzvibate izvi, munoona.

126 Ainge akavimbiswa, (mwenga, Evha), kuva Mudzikinuri. Mudzikinuri wake aizova Shoko. Zvino Shoko parakauya, rikaitwa nyama, akaRiramba. Akapihwa zvinotsiva. Zvino batai ipapo, "chinotsiva." Akapihwa zvinotsiva kuti aende mberi, kusvikira Mudzikinuri auya. Zvino Mudzikinuri paakauya, mukadzi aida kupfuurira mberi nechinotsiva

chake, ndokuramba Shoko rechokwadi. Mazviona? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Zvino ndiwo waiva mwenga wechiHebheru.

127 Ndizvo zvaVakaita, naEvha wechi 2, mwenga, amai vevose vanorarama vepamweya. Maona? *Evha* zvinoreva "amai vevose," ndiwo mweya-. . . "vese vanorarama." *Evha*, "amai vevose vanorarama."

128 Zvino, uye paVakauya kumwenga wechiHebheru, aiva mai vezvose zvairarama, asi akaRiramba.

129 Evha wepanyama akawa, muEdheni, nekuteerera kushandisa pfungwa kwaSatani kunopesana neShoko raMwari. Ndiko kuwa kwaakaita. Zvakanaka, changamire. Akawa nekuti akaita izvozvo.

130 Evha wepamweya, zvino, ndiyo chechi, mwenga waKristu. Akawa, kwete muEdheni, asi muRoma, munoona, paKanzuru yeNicaea, paakaramba, chechi iya yePentekosti, yakaenda zasi kuNicaea, nokuteerera kushandisa pfungwa kweRoma, pane kubatirira paShoko, ndokuwa. Uye zvose zvaiva kure naye, zvakafa pamwe naye, zvakamupoteredza. Zvino, sekungowa kwakaita Evha wepanyama, Evha wepamweya akawa. Mwenga waMwari wakawa—wakawa mubindu; Mwenga waKristu wakawa muRoma. Maona?

131 Cherechedzai, kubudikidza nekushandisa pfungwa kumwe cheteko, zvichipesana neShoko raMwari, akarasikirwawo nekodzero dzake dzesimba, kuna Satani. Izvo, zvatakaona mukuparurwa kweZvisimbiso izvi, kuti aiva Satani, uye achingori Satani ipapo. Bhaibheri rakati ndicho chigaro chaicho chaSatani. Uye saEvha akarasikirwa nekodzero dzake—dzake dzehunhu hwepamusoro, ndokudzipa kuna Satani, mubindu reEdheni; chechi, mwenga waKristu, wakaita zvimwe chete paRoma, pavakarasa Bhaibheri nokuda kwedzidziso dzavo dzechinamato nekushandisa njere. Munoona kuti zvinofananidzira sei?

132 Ukangoshandisa mifananidzo iyoyo, une chokwadi chekuti unobuda zvakanaka. Kana ruoko rwangu rwuchitaridzika sekunge. . . Kana ndisati ndambozviona, zvino ndoona mumvuri wangu uchiuya, ndinobva ndaziva zvandingangove ndiri pakutaridzika. Maona? Asi, ndiyo nzira. Kana uchida kuona zviri kuuya, tarisa zvakambovapo. "Nokuti. . . zvinhu zvose zvakare zvakanga zviri mimvuri yezvinhu zvichauya," Bhaibheri rakadaro. Zvakanaka.

133 Nokuti, akarasikirwa neShoko rake rohutsvene, Shoko raMwari, paakatengesa Bhaibheri, ndokuisa munhu imomo anotaura kuti chechi ine kodzero dzekushandura chero chinhu chipi chavanoda kushandura. Uye vakazviita. Uye mwenga waKristu, mwenga wepapentekosti, akatengesa simba rake,

paNicaea, sekutengesa kwakaita Evha simba rake kuna Satani mubindu reEdheni. Chaizvoizvo. Zvakanaka.

134 Mwari vakavimbisa; chechi iyi, chechi iyi yepentekosti, vachiziva kuti yaizozviita; sezvaVakaita kuna Evha, Mwari vakavimbisa.

135 Chechi yepentekosti, munotenda here kuti yakatengesa hudangwe hwayo, kare . . . simba rayo, payakabva ikoko? Munozvitenda here? Iyo, chokwadi, yakazviita. Zvino chitendwa chinobatsirei, chisina kubva muBhaibheri iri? Ndinoda kuti mumwe munhu awane chinonzi Chitendwa cheVaapostora, kana kunyange shoko 1 racho muBhaibheri. Ichocho chitendwa cheKatorike, kwete chitendwa chevaapostora.

136 Verenga Mabasa 2:38, ndicho Chitendwa chevaapostora, ndokunge kana anacho . . . ? . . . Zvino, ndizvo zvavakashandisa nguva dzose, zvisinei. Saka kana iwe . . . Maona?

137 Saka, vakatengesa hudangwe hwavo. Kwete izvo zvoga, maMethodisti, maBaptisti, Presbyteriani, maPentekosti, nevamwe vose, vakaita zvimwe chetezvo. Yakaumba sangano. Roma, chakaita kuti idaro, yakaumba sangano ndokuisa munhu pamusoro paro. Uye maMethodisti, maBaptisti, maPentekosti nemunhu wose, vakaita zvimwe chetezvo, vakaisa boka revarume pamusoro paro. Zvisinei kuti Mwari vanoti kudii, ivo . . . Unofanira kuzviita nenzira yavanoti uzviite.

138 Saka, chii? Hachisi chimwe chinhu munyika kunze kwehupfeve hwepamweya, mhando isiri iyo yemudzimai; hongu, changamire, zvitendwa, zvitendwa zvinoreva nhema, zvakagadzirwa nevanhu. Ipapo akava, paakaita izvozvo . . . Zvino ndichazviratidza izvi. Akava mhombwe, kuna Mwari. Munotenda here kuti Bhaibheri rinotaura kudaro? Hongu, changamire. Vakunda vake vakaita zvimwe chetezvo.

139 Zvino muna Zvakazarurwa 17, kana muchida kuzvinyora pasi. Johane akatorwa muMweya, "Ndokuona mhombwe huru igere pamusoro pe . . . " Uye takazviverenga manheru apfuura. Uye pakanga paine zvikomo 7, uye chaizvo zvaakanga aita. Zvino akanga apa pasi rose hupfeve hwake hune tsvina. Ndizvo here? "Uye madzimambo ose enyika akaita hupombwe naye," kubiridzira, nokuba, nokureva nhema, nekubhadharira kutendeuka, ne—nemanovhina, nezvimwe zvinhu zvose.

140 Zvinoka, zvino rangarirai, aiva nevanasikana. Zvino, kana akanga ava mutumbi, uye ari pasi pehurongwa hwesangano, saka hurongwa hwose hwakatsveyama. Uye kana Evha, nekusateerera Mwari, akakandira zvinhu zvose murufu, zvaiva pasi pake; zvino chechi yose inoita sangano, inokandira zvinhu zvose kurufu, zviri pasi payo. Ndizvozvo. Chinhu chacho chese chatoparara. Ndizvo chaizvo maringe neShoko pano. Verengai Zvakazarurwa 17. Uye Bhaibheri rakati Vaizo "ripisa nemoto, navana varo vose pamwe chete naro." Ndizvozvo chaizvo.

Zvinoreva kuti, hurongwa hwese hwesangano huchatsva, pamwe nemhombwe.

141 Zvino, izvi zvakananga, uye ndi—ndinoziva kuti muchanzwa kubva kwazviri, uye ndi—ndinoda kunzwa kubva kwazviri. Uye ini—ini . . . Ndizvozvo, zvakadaro. Bhaibheri rakataura kudaro, saka zvinozviita kuti zvive izvo.

142 Akava "mhombwe." Munogona kuzviverenga muna Zvakazarurwa, chitsauko 17. Iye, akaitei? Akaitira, Murume wake chaiye hupombwe. "Manjeka," woti, "kwete, iBhaibheri iro." Shoko ndiMwari. Uye kana ukatora chinhu 1 . . .

143 Ungada here kuti mukadzi wako atsvode mumwe murume? Kana asina kuita zvinopfuura izvozvo, haungamboda kuti azviite. Anozoratidza kusatendeka kwake.

144 "Ani naani achabvisa Shoko 1 paRiri, kana kuwedzera rimwe kwaRiri." Hareruya! Kristu anoda Mudzimai waKe ange akachena neShoko. Ndiyo nzira yaAnofanira kuva.

145 Nokuti, hapana, kana kadodzi, kana katsvoti, kana chero chinhu, kana kavara kadiki, chichadarika pamurawo iwoyo, kana kubva muBhuku iroro, kusvikira Rose haro razadziswa. Jesu akati, "Zvose matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raNgu harizombopfuuri."

146 Usaise chero dudziro yakavanda paRiri. Vanoda zvakachena, zvisina kusvibiswa, kana kutotamba chiramu chaiko. Handingadi kuti mudzimai wangu atambe chiramu nemumwewo murume. Uye paunoterera kumhando ipi zvayo yekushandisa pfungwa, kupfuura iZvozvo, uri kuteerera, unenge uchitamba chiramu naSatani. Ameni! Hazvikuite here kuti unzwe kuda kunamata izvi? Mwari vanoda kuti ugare usina kusvibiswa. Gara ipapo chaipo neShoko iroro. Nyatsogara naRo. Zvakanaka.

147 Mwari vakavimbisa kwaari, sezvaVakaita kuna Evha mubindu reEdheni, kuna Evha wekupedzisira uyu pano. Zvinova, chechi yepentekosti, kutanga kwechechi, chechi pachayo, ndiyo amai vevanhu vose vapenyu, nekuti, chero bedzi vachipinda imomo. Asi, munoona, pavanotora zvivi zvake, vanofa pamwe chete naye.

148 Heuno muchinda mudiki achiuya. Anoti, "Ndi—ndinoda kushumira Mwari."

149 Vanobva vati, "Zvakanaka, izvi ndizvo zvaunofanira kuita. Dzika zasi uko wonotendeuka."

"Zvakanaka, ndichazviita. Mwari ngavarumbidzwe!" Enda zasi uko, utendeuke.

150 "Zvino chiuya utijohine." Izvoka, hezvoka izvo. Uh-huh. Maona? Zvatoita. Huh! Ndizvozvo, kufa chaiko nayo. Maona? Maona? Ndizvo chete . . . Ndizvo zviri kudzidziswa neBhuku iri,

munoona, kwete zvandiri kutaura ini. Nekuti, Rinotaura Apa, saizvozvo. Zvakanaka.

151 Zvino, Mwari vakamuvimbisa, sezvaVakaita Evha. Vakaudza Evha kuti paizosvika nguva yekuti sho—Shoko raizodzoka kwaari zvakare. Zvino munozvirangarira here? Zvaakarasikirwa nazvo, zvaizodzoreredzwa. Nekuti, pane Chinhu chimwe chete chinogona kudzoreredza, zvino ndiro Shoko. Chaizvoizvo.

152 Ndakati, ukapfura nepfuti; kana ukasarova chipfuro, tsvaga payapotsera pacho. Unofanira kudzoka ipapo wotangidza zvakare. Maona?

153 Zvino kana ukadzokera, unoenda kuNicaea. Ndiko kwaunotangira zvakare, munoona. Dzokerai, kure nemasangano iwayo, kure nechechi yose iyoyo. Uye tanga tichiona Zvisimbiso izvi zvakanyatsokwana.

154 Ndakagara ndichinetseka, hupenyu hwangu hwese, kuti sei ndaipesana zvakanyanya nehurongwa hwemasangano. Kwete vanhu, aiwa. Vanhu vakangofanana neni kana iwe, kana chero ani zvake. Asi hurongwa ihwohwo, hurongwa hwesangano ihwohwo, zvino ndiri kuhuona ipo pano. Handina kumbozviziva kusvikira zvino uno. Uye ndizvozvo.

155 Mwari vakavimbisa Evha wepamweya, zvimwe chete zvaVakaita kuna Evha wepanyama, kuti zvakare Shoko richadzoreredzwa kwaari. Mumazuva ekupedzisira Vaizodzoreredza kuChechi, kuShoko repamavambo zvakare.

156 Zvino nyatsotarisisai. Ndi—ndinoda kuti muve nechokwadi zvino. Mwari vakavimbisa Evha, nguva yaizosvika apo Shoko raizodzoreredzwa neMbeu yake. Shoko iri, pachaRo, raizova Mbeu. Zvino pavakamupa chinotsiva, akabatirira chinotsiva ichocho. Zvino Shoko parakauya kwaari, akaitei? "Handiride." Raiva rakanyanyisa kuninipa. Harina kutaridzika zvakanaka, kwaari. Rakanga risina kukwenenzverwa zvakakwana. "Danga? Oo, ini zvangu! Ini zvangu! Muchinda akadaro, asina kana zuva rimwe zvaro muchikoro? Manje, handaigona kumugamuchira iyeye. Haasi Mesiya uyu. Munhu anorega mumwe muchinda achimukava-kava zvakadaro, uye mobva mamuti 'Mesiya'? Ndokuvarega vachiisa chidhende kumeso kwake, ndokumurova mumusoro? Zvino akazviti Muporofita, Muporofita chaiye, akamutswa?"

157 Chaizvoizvo, vakanga vasingazivi vaporofita. Jesu akataura kudaro. Akati, "Dai maiziva vaporofita, maizoNdiziva." Ndizvozvo chaizvo.

158 Zvino cherechedzai. Asi Shoko parakauya kwaari, nenzira, ingori nzira chaiyo iyo Mwari vakati Raizouya; akanga aRifungidzira neimwewo nzira. Ndiri kutaura pamusoro pemwenga, mwenga wechiJudha, mwenga wechiHebheru. Aiva

Evha, pakutanga pacho. Zvino paRakauya kunze kuno, akanga asingaRidi. Aida kugara nezvinotsiva zvake.

159 Zvino, Mwari vakavimbisa Evha wepamweya, paPentekosti, vakazvitaura kunyangwe zvisati zvaitika, makore 400 chechi isati yawa, kuti vaizotsauka, uye vaizoita zvavakaita. Asi, Vakavimbisa, mumazuva ekupedzisira kuti Vaizotumira Shoko zvakare.

160 Jesu akataura zvimwe chetezvo paAiva panyika; AizoRitumira zvakare. Uye chii . . . Chii chaRichawana? Richawana zvimwe chetezvo zvaRakawana paRakauya pekutanga. Ndizvozvo. Vane . . . Ivo, vanoda zvavo zvinotsiva. Vanoda sangano ravo. Vanoda zvitendwa zvavo. Vanoda kurarama nenzira yavanongoda ivo. Uye vanoda, "Zvino, ndini *Nhingi-nhingi*. Ndiri nhengo ye*Chakati-ne-chokuti*." Hapana mutsauko wazvinoita zviri kuitwa naMwari, kuti Vanozviratidza pachaVo zvakadini; Vaizogona kumutsa vakafa; Vaizokwanisa kutaura zvakavanzika zvemoyo; Vaizogona kuita zvose zvakanzi neBhaibheri Vaizoita. Izvozvo hazvina kana nemutsauko wazvinoita. "Kana zvisina kubatana nesangano rangu, hapana zviripo paZviri." Maona?

161 Zvimwe chete zvakaitwa nemwenga wechiHebheru uyu, ndizvozvo, munoona, vakateerera chinotsiva chavo. Uye Mwari vakavavimbisa chemazvirokwazvo chacho. Uye pakauya chemazvirokwazvo ichi, vakanga vasingaChide. Chainge chakanyanyisa kuninipa.

162 Zvino chinhu chimwe chetecho nhasi, pa—paChinosimuka panzvimbo. Zvino, Mwari vakataura, muna Maraki 4, kuti Vaizotumira Mharidzo mumazuva ekupedzisira, yaizodzorereredza. Joel akati, "Ndichadzorereredza makore ose." Zvose zvakadyiwa neRoma, nezvose zvakadyiwa nemaMethodisti, nezvose zvakadyiwa nemaBaptisti, kubva pabazi iroro repamavambo repentekosti, Mwari vakati, "Ndichadzorereredza muzuva rekupedzisira." Ndizvozvo chaizvo.

163 Uye Vanogona kutitumira munhu akadaro anenge ari . . . Chinhu choga Mwari chavakatumira Shoko raVo kwachiri aive muporofita, kwete kuvavandudzi; kuvaporofita. Yakanga isiri nguva yazvo. Zvino yave . . . kusvika kuve nguva yacho, uye ndicho chikonzero tiri kutarisira kuti iuye. Zvichava zvakaninipa uye zviri muhunyoro kwazvo! Uye saka . . . Oo, ini zvangu!

164 Munofunga kuti maMethodisti aya, maBaptisti, nemaPresbyteriani, maPentekosti akakurumbira, vachazvigamuchira here?

"Oo," munoti, "MaPentekosti?"

165 MaPentekosti ndivo vemuRaodhikia. "Vakapfuma, uye vasina chavanoshaya."

166 Rakati, “Hauzive kuti uri murombo.” Unogona kunge uri kuvaka zvivakwa zvemamiriyoni emadhora, asi uchiri murombo, murombo pamweya.

“Oo,” unoti, “ndinoZviona zvose.”

“Uri bofu!”

“Zvakanaka,” unoti, “Mwari ngavarumbidzwe, ndakapfeka.”

“Wakashama!”

“Zvino, ndine chokwadi nevakomana vedu. Tine maseminari. Isu . . . ”

167 “Uye hauzvizive.” Zvino zvakangopesaniswa chete. Zvino, kana Bhaibheri rakati Chechi yeRaodhikia ichava muchinhano ichocho . . .

168 Uye hapana munhu pasi pano anogona kuramba kuti rino harisi zera rekupedzisira, nekuti, Zera reChechi yeRaodhikia, kana kuti, zera rechechi yechi 7. Uye, hepano patiri, makore 2,000 echipiri ari kuripedzisa. Hakusisina zvachose mazera echechi. Ndicho chikonzero imi hama dzeLatter Rain makatadza kutanga rimwe sangano. Hapasi kuzova nerimwe zvekare. Ndizvozvo chaizvo. Yave kumagumo. Ameni. Hakuchagona kuva nemamwe mazera echechi. Atopera ose.

169 Asi zvino kana mharidzo yepentekosti yaive mharidzo yekupedzisira . . . Izvo, kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, mharidzo 3 dzekupedzisira, mazera 3 ekupedzisira echechi anoumba Kuberekwa kuzere.

170 Sezvakangoita mudzimai paanenge achiva, ave kuzova nemwana wake; chinhu chekutanga chaicho chinoitika imvura, chinhu chinotevera iropa, chinhu chinotevera hupenyu.

171 Pavakauraya Jesu pamuchinjikwa, chinhu chakabuda pamutumbi waKe, kugadzira itsva . . . kugadzira ku—Kuzvarwa. Vakabaya parutivi rwaKe, Ropa nemvura zvikabuda, zvino, “Mumaoko eNyu Ndinoisa Mweya waNgu.” Zvakabuda mumutumbi waKe zvaive mvura, Ropa, Mweya.

172 Zvino, Johane wekutanga 5:7 inokuudzai pamusoro pazvo, “Kune 3 vanopupura Kudenga, Baba, Shoko (rinova Kristu,) neMweya Mutsvene.” Uye 3 ava vanobvumirana mune chinhu 1; havasi chinhu 1, asi vanobvumirana mune chinhu 1. Uye kune 3 vanopupura . . . Kana kuti, “Ivo chinhu 1,” ndoreva kudaro. Ndakanganisa ipapo. “Zvino 3 zvinopupura panyika, imvura, Ropa, neMweya, uye zvinowirirana mune chinhu 1.”

173 Unogona kucheneswa usina kururamiswa. Uye unogona kururamiswa usina kucheneswa. Unogona kucheneswa usina kugamuchira Mweya Mutsvene. Ndizvozvo chaizvo.

174 Vadzidzi, muna Johane 17:17, vakacheneswa uye vakapihwa simba rekudzinga madhimoni, asi zvakadaro vakanga vasina Mweya Mutsvene. Maona? Chokwadi. Vakatokwira kumusoro kuPentekosti, ndokumirira kusvikira Mweya Mutsvene wauya.

175 Ndipo pakaratidza Judhasi mavara ake. Munoona kuti mweya uyu wakazviwanira nzira yawo sei nemukururamiswa, kucheneswa? Asi pazvakasvika kumagumo, akaratidza mavara ake. Maona? Ndizvozvo chaizvo.

176 Zvino cherechedzai, zvino, uye hepano patava panguva yekupedzisira. Uye Evha wepamweya, sezvakangoita-. . . sokuvimbiswa kwakaitwa Evha wechiHebheru, mwenga wechiHebheru wakavimbiswa kuti Shoko raizodzoka. Uye mwenga wepamweya wakabva paPentekosti, pawakawa paNicaea, zvino anovimbiswa mumazuva ekupedzisira kuti Shoko richauya zvakare. Zvino munoti, zvino . . .

177 Muchida rimwe Gwaro, torai neche apa, Zvakazarurwa 10. Uye akati, "Muawa, nguva yemutumwa wo—wokupedzisira, mutumwa wechi 7 (nhume yechi 7) otanga kuridza, chakavanzika chaMwari chapedziswa." Maona? Kudzoreredzwa kuShoko! Bhaibheri rakataura kuti mutumwa uyu wemazuva ekupedzisira aizova, "Kuvadzoreredza kune Kutenda kwepamavambo zvakare, kudzokera paKutenda kwemadzibaba." Asi munofunga kuti vanoZvigamuchira here? Kwete, changamire. "Mazuva ekupedzisira, Vaizodzoreredza Shoko repamavambo zvakare," sezvaVakataura muna Maraki 4.

178 Asi akanga arasikirwa. Zvino, akanga arasikirwa neShoko iroro paNicaea. Evha akarasikirwa muEdheni; Evha akaramba rake paKarivhari. Uye boka reNicaea riri kuRiramba mumazuva ekupedzisira, zvimwe chetezvo. Ini zvangu!

179 Asi Shoko parakauya riri munyama yemunhu, iye, Evha, chechi yechiHebheru, amai vevose vanorarama pamweya panguva iyoyo, akaRiramba. Akanga akafa kwazvo, mutsika nedzidziso dzechechi, kusvika pakuZvipotsa. Ndizvo zviri uyuwo, chaizvoizvo. Zvakanaka.

180 VanoMupotsa, Shoko benyu rakaratidzwa munyama, kubudikidza neShoko rakavimbiswa. Shoko rakavimbisa kuita zvinhu izvi. Vimbiso yakaitwa, kuti zvichava sezvizvi mumazuva ekupedzisira. "Sezvazvaiva mumazuva eSodhoma, ndizvo zvazvichava paKuuya kweMwanakomana wemunhu." Zvino tarisai zvakaitika paSodhoma. "Sezvazvakanga zviri mumazuva aNoa, ndizvo zvazvichava mukuuya kweMwanakomana wemunhu." Maona? Tarisai zvakaitika ipapo. Maona? Zvino, Akati zvichava zvimwe chete, uye tiri kurarama muzuva racho. Zvino, asi zvinogona kudaro, ndinofungidzira, ndinogona kuwana vimbiso 600 dzazvo saizvozvo, kubva muGwaro, ndichingotaura nezvaro. Maona? Zvino, asi, vanoRiramba.

181 Mwenga akabatirira kutsika nekune chinotsiva, panzvimbo ye—ye . . . Akabatirira kuropa rinotsiva, panzvimbo yeRopa chairo. Jesu, Shoko, akati, paRakaratidzwa kwaari, "Nokuti akabatirira kutsika idzi . . ." Jesu, Shoko rakaratidzwa, akati kune mwenga, mwenga wechiHebheru, "Nokuti wakabatirira patsika dzako, unokonzera kuti Shoko raMwari rishaye maturo kwauri. Harikwanise kushanda."

182 Zvino ndicho chikonzero nhasi, kuti, ru—rumutsiriro rwatiri kufanira kuva narwo, tine rumutsiriro rwemasangano. Hatina kumbova nekumutsiridzwa chaiko. Kwete, kwete, kwete. Kwete, changamire. Musafunge kuti tine rumutsiriro. Hatina. Oo, vane mamiriyoni nemamiriyoni nemamiriyoni enhengo dzechechi, asi pasina rumutsiriro kana kupi zvako. Kwete. Kwete.

183 Mwe—Mwenga hausati wava nerumutsiriro nazvino. Maona? Hapana kumbova nerumutsiriro ipapo, hapana kuratidzwa kwaMwari kwekumutsiridza Mwenga nazvino. Maona? Tiri kurwutsvaga zvino. Zvichatorera Mitinhiro 7 iyi isingazivikanwi kumashure ikoko, kuMumutsa zvakare, munoona. Ehe. Vacharwutumira. Vakarwuvimbisa. Zvino tarisai.

184 Zvino, akanga—akanga akafa. Uye zvino kana chete machechi akakanganwa zvitendwa zvavo, nokukanganwa dzidziso dzechechi yavo, uye vongotora Bhaibheri, vokumbira vimbiso, zvino zvaizoshanda kwavari. Asi, munoona, Jesu akati, "Imi, netsika dzenyu, munoita kuti Shoko raMwari rishaye maturo kwamuri." Manje, ndizvo zvimwe chete nhasi naEvha wepamweya, munoona, mwenga wepamweya wanhasi, anodaidzwa kudaro, chechi. Anotora Shoko raMwari, uye haaRigamuchire. Uye anogamuchira dzidziso dzechechi, panzvimbo yaro. Nokudaro, Shoko harishande kwaari, munoona, nekuti anoedza kuisa chitendwa chake neShoko, uye hazvishande. Zvino, zvatinoda nhasi . . .

185 Ndinogara ndichiverenga izvi pano, *Chiziviso cheKuuya kwaKe*, pamisoro yenyaya dzaro, "Tinoda muporofita kuti adzoke! Tinoda muporofita kuti adzoke!" Uye ndinodaira, kana achinge adzoka, hapana chavanozoziva nezvazvo. Kungo . . . Ndizvozvo. Zvagara zvakadaro, munoona. "Tiri kumuda," zvese zvaunotaura nezvazvo, "tinoda muporofita kuti adzoke, achaunza Shoko raShe, asingatye. Tinotenda kuti Bhaibheri rakazvivimbisa."

186 Zvino, ndinoziva Hama—Hama Moore nevamwe, ndakadya mumba mavo, nezvimwe zvose, mupepeti waro. Uye ndiye munhu akanakisa ano—anofamba mushangu yedehwe, ndinofungidzira, mumwe wemachinda akanaka kwazvo. Asi, munoona, vanoziva kuti tinofanira kuva nazvo. Uye Hanzvadzi Moore, mumwe wemadzimai akanakisa, mudiki . . . munhu mudiki anonzwisa urombo, uye vanozvipira.

187 Uye ndiro rimwe remapepa akanakisa munyika yevhangeri, pamaonero angu, *Chiziviso cheKuuya kwaKe*. Asi munoona, ivo vanoramba vachirovedzera ipapo, "Tiri kuda muporofita! Tiri kuda muporofita!" Maona? Ini zvangu! Ndizvo zvavanotaura nezvazvo.

188 Uye zvakare hepano patiri, nhasi, uye sanezuro nanhasi, vachizivisa paredhiyo, kuti. . . nemachechi eBaptisti nemamwe akadaro, kuti, "Hatisi kufanirwa kubatana nemaKatorike, asi tongoita sekuwadzana navo." Maona?

189 Zvino ipo pano, Mharidzo ichibuda kunze uko chaiko, kuti, "Garirai kure nechinhu ichi chine chepfu!" Maona? Maona? "Ko 2 vangafambidzana sei kunze kwekunge vawirirana?" Chiedza nerima hazvigone kuyanana pamwe chete. Kana Chiedza chapinda, rima rinobuda kunze. Maona? Hachigoni. . . Chine simba rakanyanyisa! Haukwanise kudzima Chiedza, nerima. Asi unogona kubvisa rima, neChiedza. Ndizvozvo chaizvo. Uye ndiYe Chiedza, uye ndiYe Shoko. Maona? Zvino, hezvoka izvo, kudzokera kumashure chaiko. Haugone kuRiita kuti rinyepe kana kuita chero chinhu chisiri icho. Rinouya rakananga richidzokera panzvimbo zvakare. Hongu, changamire.

190 Sekungotangawo kungaita mumwe munhu, achiedza kuita nharo newe; kana uchiziva pekumira, uchiziva zvaanotenda.

191 Zvakangofanana nekutora tsuro uye woiregedzera mudanga, wakavhara maburi ese. Ingomira pamusuwo; inotodzoka chete. Ndizvo zvega zviripo. Waivharira mukati. Maona? Inotofanirwa kudzoka kumusuwo zvakare, nekuti ndiyo nzira yega yainogona kubuda nayo. Ichapinza musoro wayo ne*apa*, uye yotopotsa yazvityora mutsipa; yoenda neche*uko*, neche*uko*. Ingomira woitarisa, ichatodzoka chete. Maona? Ndizvo zvoga.

192 Ndiyo chete nzira yekuzviita. Gara neShoko iroro. Unogona kuputika kwese-kwese, nezvitendwa zvako, uchingotyora mutsipa wako kwese-kwese, asi unofanira kudzoka chaiko kuShoko iri. Maona? Hongu, changamire. Ndiro rose.

193 Zvino, munoona, ivo—ivo—ivo—ivo havaRidi. Havadi Shoko raMwari. Nokuti akabatirira kutsika dzake, akaita kuti Shoko raMwari kuti risashaya maturo.

194 Zvimwe chete zvino, pana Evha wepamweya. Haadi. . . Anoda kuchengeta tsika dzake, achibva paShoko raMwari. Anobatirira zvakare kumasangano, nezvitendwa zvavo netsika dzevakuru vake, panzvimbo yekutora Shoko raMwari.

195 Zvino kana vimbiso yeShoko, mumazuva ekupedzisira, yaunzwa kwaari, haaRigamuchire, nekuti, netsika dzake, sezvakaitwa nemwenga wechiHebheru. Shoko chairo, kunyange raiswa pachena, roratidzwa, rigosimbiswa, haaRitore. Sei asingadaro? Nekuti hoyo mufananidzo wake. Haagone kuzviita. Ndizvozvo chaizvo. Haagone kukunda mufanidzo wake. Maona?

Uye zvakafanotaurwa kuti aizozviita, saka uchagarira sei kure nechero chinhu?

196 Zvino chinhu chega chekuita kungofara kuti urimo. Ndizvo zvoga. Inge wakarimirira. Zvakanaka.

197 Mwari vakavimbisa, mumazuva ekupedzisira, kuti Vaizoratidza uye vosimbisa Shoko raVo kwaari, uye zvakadaro haana kuzviita. Zvose izvozvo, Mwari vakamuvimbisa, nevaranda vaVo, vaporofita. Mwari vakavimbisa, kubudikidza naJesu Kristu. Mwari vakavimbisa, kubudikidza naJoere. Mwari vakavimbisa, kubudikidza naPauro. Mwari vakavimbisa kubudikidza, naMaraki. Johane . . . Mwari vakavimbisa, kubudikidza naJohane muzaruri, vaporofita vose ivavo, chaizvoizvo Mharidzo yekupedzisira zvayaizova kwaari mwenga. Zvino, kana muchida kuanyora pasi; chaizvoka, imi mose munoaziva: Jesu, Johane 14:12; naJoere, Joere 2:38; Pauro, Timotio Wechipiri 3; Maraki, chitsauko 4; naJohane muzaruri, Zvakazarurwa 10, 17, 1 kusvika 17. Munoona, chaizvo zvaizoitika iye zvino! Uye, kuchechi, Chii ichocho? Shoko rakava munhu rikaitwa nyama pakati pevanhu vaKe zvakare! Maona? Uye havatongoRitendi.

198 Munoziva zvakataurwa naJesu paAkaona kuti Iye . . . paAkaita zvishamiso izvozvo pamberi pavo, nekuratidza kuti Aiva Mwari? Akaratidza izvozvo, zvaAkanga achiita. Akanga ari. Akanga aita chaizvo-chaizvo. Iye—Iye ndokuti kwavari, Akati, "Oo, iwe, Kapenaume, iwe wakasimudzirwa kudenga, dai mabasa akanga ari . . . mabasa makuru akanga aitwa muSodhoma, ayo akaitwa mauri, ingadai yakamira nhasi." Ndizvozvo chaizvo. Uye muKapenaume, haAna chinhu chaakaita kunze kwekupodza vanhu vashoma, nekuvaudza zvakavanzika zvemoyo yavo, ndokubuda panze. Uh-huh. Ndizvo zvoga. Maona?

199 Havazive kuti mabasa makuru chii. Vanofunga kuti chinofanira kuva chiri chirongwa chikuru kwazvo apo munhu wese anosimuka, uye mutongi achiita chitaurwa, uye—uye boka revaridzi richiridza, uye mavara achibhururuka, ne—nevakadzi vakapfeka zvakanaka, nezvavo . . . uye vachimirira, nevose maPh.D, LL.D, nengowani huru, refu, nemakora akapindurudzwa, nezvose, ivo vose vanofanira kufamba vachipinda. "Chinhu chikuru ichi."

Mwari vanoti, "Hupenzi ihwohwo."

200 Uye Vanounza chimwe chinhu chidiki chisingazive musiyano uripo zvichida pakati pemaABC, zvachose, zvino oita chimwe chinhu chinotungidza Chechi chaiyo nemoto. Uye vamwe vose vanoti, "Boka revaumburuki vatsvene." Mwari vanodana *Izvozvo* kuti "zvikuru," uye nyika inoZvidana kuti "hupenzi." Nyika inodana *izvo* kuti "zvikuru," uye Mwari vanozvidana kuti "hupenzi." Munoona, zvakangopesaniswa. Maona? Uye chinhu

icho Mwari chavakavimbisa, Mwari vachaita uye vakaita. Maona? Hepano patiri.

201 Zvino, zvakadaro, anoramba akaita sezvaakaita, Evha wechiHebheru. Aisangozviita. Waigona kumutsa vakafa; waikwanisa kuona Mweya waMwari. Jesu akauya pasi, akazvisimbisa pachaKe kuva Mwanakomana waMwari. Chekutanga, Akatanga kuparidza. Zvino, vakafunga, "Zvino, akaita seMuchinda asinganzwisisike. Ambori Aniko, zvisinei?" Zvino, chinhu chekutanga munoziva, vanhu vanotanga kutaura . . .

202 Hongu, vakanga vambotaura, kumashure, pakauya nhungamiri yaKe, Johane, vakati, "Ndiwe Mesiya here?"

203 Akati, "Kwete. Asi Akamira pakati penyu pane imwe nzvimbo." Uh-huh. Maona? Sei? Aiziva, mharidzo yake payakaitika, zvaaifanira kuita. Aiziva zvaainge ari kuzoita.

204 SaNoa akaramba akatarisa pana Enoki. Enoki paakaenda, Noa akati, "Zviri nani kuswedera pedyo neareka. Nguva yave pedyo." Noa akaramba akatarisa pana Enoki. Maona?

205 Zvino Johane akatarisira chiratidzo icho Jesu akamuudza, kana kuti Mwari vakamuudza, kuti atarise. Akati, "Akamira ipo pano zvino, pane imwe nzvimbo pakati penyu. HandiMuzive, asi ndichaMuziva."

206 Akamira ipapo, vakati, "Iwe hausiwe Mesiya here?" Vakati, "Tatumwa kubva kumuzinda mukuru." Uh-huh. Vakati, "Vakuru, navose, vatitumira zasi kuno. Kana uri Mesiya, wadii wauya kuzozvizivisa kumusoro uko, kwete zasi kuno muboka rezvinhu izvi zasi kuno! Unofanira kuuya kumusoro uko wozvizivisa pachako."

207 Akati, "Handisi Mesiya." Akati, "Ndiri inzwi reuyo anodanidzira ari murenje."

208 Izvozvo zvakavanzvenga nekure-kure chaiko. Hapana chavakaziva nezvazvo, munoona, asi zvakadaro vose vakanga vachimutarisira kuti auye. "Asi haaigona kunge ari muchinda akadaro. Oo, ini zvangu, zvinozenge zvakashata!"

"Unobva kuchikoro chipi?"

"Hapana."

"Une kadhi rako reruwadzano here?"

"Chii ichocho?" Maona?

209 Akanga akazodzwa naMwari. Akati, "Pane chinhu chimwe chete chandiinacho. Demo raiswa pamudzi wemuti." Zvino, ndizvo zvoga—ndizvo zvoga zvaaiva nazvo. Aitaura nemutauro wemunhu wemasango, kwete nemutauro wemufundisi; nyoka, nematemo, nemiti, nezvimwe zvakadaro. Iye—iye haana kutaura nemutauro wevafundisi.

210 Asi Jesu akati hakuna kumbova nemuporofita akaita saye. “Hakuna munhu akazvarwa nemudzimai, akaita saye, kusvikira pazuva rake.” Ndizvozvo chaizvo. “Aipfuurira kuva muporofita.” Akanga ari mutumwa weSungano, akamira pakati chaipo pemwaka mi—miviri, ichipinda. Maona? “Kupfuurira kuva muporofita.”

211 Zvino saka ipapo—ipapo havana kumuziva. Havana kumunzwisisa. Akanga ari mhando yemunhu anoita seasinganzwisisike, saka vakabva vasiyana naye, munoona.

212 Zvino Jesu paakauya, ipapo, uye zvirokwazvo vakanga vasiri kuzoMugamuchira, Mukomana wemuvezi uyu, kwakanga kusina zvakadaro, nezita rakashata shure kwaKe, rekuti “mwana weupombwe.” Uye, Iye, vakanga vasiri kuzoona Muchinda akadaro.

213 Asi, asi tarisai zvakaitwa naMwari. Vakatora vasina kudzidza, varombo, varedzi vehove, varume vemasango, varimi, nezvipfeve, ndokusiya varemekedzwa vakagara ipapo. Sei? Chii? Sei Vakazviita? Sei Vakaita chinhu chakadaro? Mungafungidzira here? Nekuti vanhu ava vakaMucherechedza kuva Shoko. Zvino ngativatarisei kwechinguvana.

214 Heuno muredzi wehove asina chaanoziva, asingakwanise kunyora zita rake. Bhaibheri rakati akanga “asina chaanoziva uye asina fundo.” Anouya nehove dzake odzigadzika pasi. Odzika ikoko onoona kuti ruzha rwese urwu nderwei. Asi pakadzika-dzika mukati make, aiziva kuti Bhaibheri rakataura kuti Mesiya . . . VaHebheru vose vaitarisira Mesiya, nekuti paifanirwa kuva nechinhu cheMagwaro chinoitika paAnouya.

215 Pakambova navanamesiya vazhinji, vakasimuka vachiti, “Ndini Iye,” ndokuenda navo, nehuwandu hwemazana, ndo—ndokuparara nezvose. Asi, onai, kwaingova kurasisa iCho chemazvirokwazvo paChinozouya.

216 Takava nehanzu pamwe nemajasi zvaEria, nezvimwewo zvinhu zvose, asi ndezve ku—ku—ku—kungorasisa chinhu chaicho kana iye wacho achinge auya. Maona? Ndizvozvo chaizvo. Mhando dzese dzevanhu dzakapfeka nguwo nemagemenzi, uye vakavigwa mumhando dzose dzezvifukidzo zvakapindurudzwa, nezvimwe zvose. Izvozvo hazvi . . . Izvozvo—izvozvo zvinongosimbisa chete. Sezvakaita dhora renhema, rinoratidza kuti pane rechokwadi pane imwe nzvimbo, kana ukangokwanisa kuriwana chete. Maona?

217 Saka hoyo Achiuya. Zvino vanoremekedzwa ava vakabuda, uye vakanga vakaperera pane chinotsiva chavo! “Handiti,” vakati, “zvino, kana Mesiya akauya, zvirokwazvo Achauya kuna Kayafasi. Achauya kusangano redu. Achauya kuvaFarisei.” VaSadhuse, “Ndizvo zvamunofunga! Achauya kuvaSadhuse.” Zvino havoka avo, munoona, zvimwe chete zvavanazvo nhasi, zvino.

218 Asi paAkauya, zvaisanzwisisika. Achauya, oo, zvichinyatsopesana nezvavaifunga, asi Akauya maererano neShoko. Zvino vakanga vasingazive Shoko.

219 Regai ndizvitaure, chaizvo, kuti mugo . . . zvigosinina pakadzika-dzika. Ndinoda kuti izvi tizvibate. Ndiro dambudziko nemi nhasi, munoona, hamuzive Shoko! Maona?

220 Jesu akati, "Munogona kunzvera huso hwematenga, asi hamugone kunzvera zviratidzo zvenguva."

Vakati, "Tina Mosesi."

221 Zvino, ndokuti, "Dai maiziva Mosesi, mungadai maindiziva iNi." Havana kuziva Mosesi, uye naizvozvo vakanga vasingazive. Vanongoziva chitendwa chavakanga vagadzira.

222 Zvino ngatitorei muredzi wehove musharukwa uyu. Anogadzika dengu rake pasi. Akapuruzira ndebvu dzake dzachena zasi, ndokufamba achidzika, "Ndinotenda ndichazviona kuti ndiAni."

223 Munin'ina wake ndokuti, "Handei. Ngatidzikei zasi kuno." Akati, "Ndiye Muchinda mumwe chete uya. Ndiye Muchinda uya wavakati rimwe zuva . . . Ndaita pungwe naYe husiku hwapfuura. Munoziva Johane, wandanga ndichitaura nezvake kwamuri?"

224 "Hongu, munhu wemusango ari zasi uko! Ehe, ndakanzwa nezvake." "Zvino," mutana Simoni, munoziva, akati, "ndakanzwa nezvake zasi uko. Hongu, ndakanga ndiri zasi ikoko, mwedzi 2 kana 3 yapfuura, zasi ikoko. Ehe."

225 "Zvakanaka, akati . . . Zvino rimwe zuva akanga akamira ipapo, akataura chinhu chisinganzwisisike. Akati, 'Munoziva, heuno Achiuya iko zvino!' Ivo vakati, 'Unozviziva sei?' Akatarisa neche ikoko; achingori Munhuwo zvake akamira ipapo. Akati, 'Ndaona Mweya waMwari, senjiva, uchidzika zasi. Ndanzwa Inzwi richiti, "Uyu ndiYe. Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa Wandinofarira kugara maAri."' Akabva afamba achipinda mumvura chaimo ndokuMubhabhatidza, nezvimwe zvakadaro. Zvino, ipapo, akati akaMuziva."

226 "Oo, handizive," Simoni akadaro. "Ndakanzwa zvese izvozvo, kakawanda." Asi heuno achiuya. Asi pakadzika mumoyo make maiva nembeu yakafanotemerwa. Maona? Jesu akataura kudaro. Ndizvozvo. Ndokufamba achiuya kwaAri. Ndokufamba achiuya. Akati, "Ndichadzika kumusangano ndonoona." Akafamba achikwidza ikoko.

227 Jesu akanga akamira ipapo, angori Muchindawo zvake mudiki wemazuva ese. Akafamba achiuya. Akati, "Handiti, zita rako ndiSimoni. Uye zita rababa vako vainzi Jonasi." Izvozvo zvakabva zvamuninipisa. Sei? Mbeu diki iya, yeHupenyu Husingaperi yakarova mukati imomo. Hongu, changamire.

228 Akati, “Mirai zvishoma! Zvinofamba sei izvozvo? HaMuna kumbobvira makandiona. Kunyange Baba vangu Manga musingavazive, nekuti vanga vava nemakore vafa. Asi hezvino Mauya, mukandiudza izvozvo? Manje, ndinoziva kuti Bhaibheri rinoti . . .” Zvino, hakusi kudzokera kune zvinotaurwa nemukuru. “Asi Bhaibheri rakataura kuti Mesiya aizova Muporofita. Hoyo Uyo. NdiYe.”

229 Rimwe zuva Akapfuura nomuSamaria, achidzika nemo aine boka remaJudha. Akavasiya. Zvino mudzimai mudiki uyu, ane mbiri yakaipa akabuda, zvichida mudzimai mudiki akanaka, munoziva. Uye akanga adzingirwa mumugwagwa, achiri mudiki. Zvino akanga achipfuura nemo. Zvichida aifunga pamusoro pechimwe chinhu. Akafamba achikwidza ikoko ndokugadzika chirongo pasi. Zvino ndokutanga kudhaya achidzikisa, munoziva, achichera mvura. Zvino akanzwa mumwe Murume achiti, “Ndiunzirewo mvura yekunwa.” Akatarisa-tarisa, zvino hapo pagere muJudha akada kuita wezera repakati nepakati.

230 Akati, “Nhai, iMi hamusi muJudha here? Hamufanirwe kudaro. Hazvisi patsika dzedu kuti iMi munge muchitaura neni. Ndiri muSamaria.”

231 Akati, “Asi dai waiziva kuti uri kutaura naaNi, waizounza . . . waizoNdikumbira kuti ndikupe mvura yekunwa.”

232 Akati, “Chirongo cheNyu chiri kupi?” Maona? “Ko tambo yeNyu iri kupi?”

“Zvinoka,” Akati, “Mvura yandinopa iNi Hupenyu.”

233 “Chii?” Maona? “Handiti,” mudzimai ndokuti, “handiti, imi mose munoda kunamatira muJerusarema. Uye madzibaba edu ainamatira . . . ”

234 “Oo,” Iye ndokuti, “ndizvozvo, asi,” akati, “isu maJudha tinoziva chatinonamata. Asi,” akati, “unoziva, nguva iri kuuya apo—apo vanhu vasiri kuzonamatira muJerusarema kana mugomo iri.” Akati, “Vacha—vachanamata Mwari muMweya, nokuti iVo Mweya, Mweya neZvokwadi.” Zvino, akatanga kunzvera, munoziva.

Zvino Akati, “Enda unotora murume wako muuye pano.”

Akati, “Murume wangu? Handina kana murume ini.”

235 “Handiti,” akati, “ichokwadi.” Akati, akati, “Wanga uchimhanyidzana ne 5, uye une wechi 6 zvino.” Uye akati, “Wanga uine 5. Uye—uye, iwe, unoziva. Wataura chokwadi.”

236 Tarisai! Chaiva chii ichocho? Chiedza ichi chakapenyera mbeu iya. Yakanga irere ipapo, yakataurwa naMwari. Hongu, changamire.

237 Mbeu yakanga iri panyika. Mwari pavakabvisa mvura, zuva ndokuipenyera, yakabva yabuda. Ndizvozvo chaizvo. Maona?

Ndizvo chete zvayaida, raiva zuva. Yaingoda chiedza. Hongu, changamire.

238 Uye zvakare apo Mweya Mutsvene, maAri, pawakasudurutsa hupenyu hwemudzimai uyu hwekumashure, ndokuhuratidza kwaari, Chiedza chiya chakaipenyera. Akati, "Changamire, ndinoona kuti Muri Muporofita." Akati, "Zvino, tinoziva, ndinozviziva ini, kuti kana Mesiya achinge auya, ndizvo zvaAchange ari. Uye hatina kumbova nemuporofita kwemazana emakore. Hatina kumbobvira tava nemuporofita wechokwadi, kwemazana emakore." Iye ndokuti, "Kundiudza kwaMaita nezvemurume wangu, uye mukandiudza kuti vangani vandakava navo, nezvimwe zvakadaro. Manje," akati, "Handisi kuzvinzwisisa." Akati, "Kana Mesiya auya, zvino, Achaita izvozvo. Asi iMi ndimi Ani?"

Akati, "Ndini iYe."

Zvakabva zvaringana. Maona? Chipfeve!

239 Zvino vaprisita vakaringa-ringa vakati . . . Zvino, ivo vanofanira kudavirira kuungano yavo. Vakati, "Musatambe nemuchinda uyo. Aka—akagarwa nedhimoni. Ndizvo zvoga." Zvino, ndiwo musiyano wacho. Ndizvo zvazviri nhasi. Maona? Zvimwe chetezvo nhasi, zvingori izvo chaizvo. Ehe. Hongu, changamire.

240 Mudzimai, akazviziva, nokuti Chiedza chakaIpenyera. Ivo vano- . . . Ivo varedzi, varume vemasango, varimi, vateresi, zvipfeve, vakaona maAri izvo Magwaro ari muhunyoro akataura zvaAizoita. Zvino vaFarisei vakanga vasingaone, nokuda kwetsika dzavo . . . ? . . . Vaisakwanisa kuona, nekuda kwetsika dzavo. Asi chipfeve, varimi, nevamwe vose, vakaZviona, vose vakanga vakafanotemerwa. Kupokana pakwakabva, mbeu yakatanga kukura. Ndizvozvo chaizvo.

241 Mudzimai uyu akaitei? Akati, "Zvakanaka, ndinofara kuti ndasangana naMesiya"? Oo, kwete, hama. Akananga muguta chaimo ndokuenda. Ndokukanganwa nezvemvura. Akati, "Huyai, muone Murume Andiudza zvinhu zvandakaita. Handicho here chinhu chaicho chakanzi neGwaro Mesiya achaita? Hazvisizvo chaizvo here izvi?" Uye vanhu vakakwanisa kuona chinhu chimwe chetecho.

242 Sezvakataurwa naJesu Kristu, muna Johane 14:12, zvaizoitika zvakare. Akazvitaurawo zvakare muna Ruka, paAkati, "Sezvazvakanga zviri mumazuva aNoa." Kuti Mwari vakaZviratidza sei vari muMunhu, ndokutaura kuti ndiani akanga ari shure kwaVo; uye naSara zvaakaita, achiseka ari mutende. Uye neMagwaro ose aya, aMaraki, nemamwe akadaro, akafanotaurwa emumazuva ekupedzisira. VaHebheru 4 yakati, "Shoko" parinodzoka. Maraki 4 yakati Raizodzoka kubudikidza nemunhu. VaHebheru 4 yakati, "Shoko raMwari rinonzvera mifungo iri mumoyo."

243 Uye vanogona kuzviona zvichiitwa, vobva vafamba vachibva pazviri. Tsika dzavo dzinozvivanza uye dzozvishaisa maturo. Zvino, tingori pano. Ndizvo zvoga. Uh-huh.

244 Munoziva, Vanokwanisa kuita zvimwe chetezvo nhasi. Vanouya panzvimbo voratidza zvinhu zvimwe chete zvaVakaita kare, sezvaVakataura kuti Vaizoita. Maona? Vakavimbisa kuzviita. Vakavimbisa kuzviita. Uye kana Vaizoita chinhu chimwe chetecho, mutumwa weRaodhikia anofanira kuzviita.

245 Uyezve kana chechi yeRaodhikia ikazviona zvichiitwa, vachaita chaizvoizvo zvakaitwa nechechi yechiHebheru pakutanga. Um-hum. Zvisinei kuti Zvakasimbiswa zvakadii, oo, vanozozviita, zvakadaro. Oo, ini zvangu!

246 Zvino, Rinotaura kuti zvaizodaro. Taidzokera kuShoko repamavambo, uye roratidzwa sezvakavimbiswa, kudzoreredza zvakare Kutenda, Kutenda kwepakutanga, zvakare. Uye kana VakaZvizivisa kuti Vaigara pakati pevanhu vaVo, nekuita zvinhu izvi; Vachitogona kutotorwa mufananidzo waVo, zvoratidzwa nesainzi. Asi zvakadaro havazvitende. Uye zvakaratidzwa, ndokusiya ziso rekamera richiVabata vakamira ipapo, Shongwe yeMoto imwe chete iyoyo, mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi, VaHebheru 13:8, kuratidza kuti izvo—izvo ndezvesainzi, neimwe nzira yese, zvesainzi muzviyero zvemweya. Munzira dzose yazvai—yazvaigona kusimbiswa, zvakasimbiswa.

247 Uye, munoziva, zvimwe vangangoita zvimwe chetezvo. Zvimwe vaizongofamba vachinyatsobva uye voita zvimwe chete zvavakaita.

248 Oo, Mwari vatibatsire! Oo! Tichangomira pano. Asi, Mwari vatibatsire kuona zvino, ndiwo munamato wangu, tichiuya zvino. Nekuti, handidi kukuchengetai kwenguva yakarebesa. Mwari vatibatsire kuti tione. Ndinotenda pamwe, Mweya uri pamusoro pedu, iko zvino ndipo paAchatibatsira kuzarura, kuvhura Chisimbiso ichi.

249 Ngativerengei. Tichiona chinhanho icho chechi iri machiri, tinoona kwayakanga iri, tikaona zvavakaita, tikaona payaifanira kuuya, toiona iri ipapo, uye toona zvavaifanira kuita. Vakaita izvozvo chaizvo. Zvino munoona patiri? Tongai imimi. Handikwanise kutonga. Ndingori nemungava wekuunza Shoko iri. Sekungopihwa kwaRakaitwa kwandiri, ndinogona kuRipa. Kusvikira ndaRipihwa, handikwanise kuRipa; hakuna mumwezve anogona.

Zvino *akati azarura chisimbiso chechi 3,* ndakanzwa chipuka *chechi 3 chichiti, Uya* uone. Zvino ndakatarira, *ndikaona bhiza dema;* uye naiye *akanga* agere pariri *akanga ane chiyereso muruoko rwake.*

Zvino *ndakanzwa izwi pakati* pezvipuka *4* richiti, *Chiyero che*gorosi *chichatengwa nedhinari, nezviyero 3*

zvebhari nedhinari; asi uone kusakuvadza *mafuta ne . . . waini.*

250 Zvino, Gwayana rine Bhuku muruoko rwaRo, richiparura Zvisimbiso. Rakaparura chekutanga, chechi 2, uye zvino Roparura chechi 3. Zvino paRinochiparura, Gwayana ndiro rinochiparura, Chisimbiso Chechitatu, Chipuka chechi 3 . . .

251 Zvino vangani vanoziva kuti Chipuka chechi 3 chaitaridzika sechii? Chakanga chakaita semunhu. Chekutanga chakanga chakaita seshumba; chimwe chacho chakanga chakaita semhuru, kana nzombe; uye chechi 3 changa chakaita semunhu, chakanga chiri munhu. Zvino akanzwa Chisikwa chi—chipenyu, chi—Chipuka ichi. Chisikwa Chipenyu, chakaita semunhu, chakati kuna Johane, "Huya, uone kuti Chii, chakavanzika ichi chainge chakavanzwa." Zvichidzika nemumakore ose erudzikinuro, kubva pamavambo enyika, Zvanga zvakavigwa pasi peChisimbiso ichi, izvo zviri kuzoitika. Zvino, "Huya, uone kuti Chii."

252 Zvino RinoChizarura. Mutinhiro unodhirima, uye Gwayana rozarura Zvisimbiso.

253 Zvino, Johane ndokufamba achiuya, kuzoona kuti Chaizovei. Akaonei? Ndokuona bhiza dema. Uye mutasvi waro akanga aine chiyereso, kana zvikero, muruoko rwake. Zvino, ndicho chinhu chekutanga chaakaona. Gwayana parakaChizivisa, ndokuparura Chisimbiso, ndokubva chimwe Chipuka . . . Munoona, Zvipuka izvi zviri kuchinjana, pakuzivisa apa, "Uya, uone." Zvino Johane, paakanga akamira, zvichida se*zvizvi*, anofamba neche apa, Gwayana parakazarura, ndokufambako. Kazhinji . . .

254 Mutinhiro unorira, sezvatakaona Chisimbiso Chekutanga. Zvino anotarisa kuti aone zvinoitika. Zvino anoona murume achiuya, kutanga, ari pabhiza jena. Anomuona akatasva achienda zasi. Uye achiramba achienda achidzika, Johane anomuona kusvika kumagumo chaiko. Anomuona achidzika, pabhiza rake jena, akabata uta muruoko rwake, zvino mu—mutasvi ane, asi haana miseve pamwe nawo. Zvino chinhu chinotevera chaanoona, anowana korona, ndokutasva kusvika kumagumo.

255 Zvino tinoona kuti, zvino, Gwayana, apa rinouya zvakare, Rozarura chimwezve. Uye otarisa. Zvino hero bhiza dzvu—dzvuku richiuya. Murume uyu ane munondo muruoko rwake. Anotasva achidzika chaizvo nemuGwaro, munoona, aine munondo uyu muruoko rwake, uye akanga achizouraya nokubvisa rugare panyika.

256 Zvino Gwayana rinozarura chimwe Chisimbiso. Chimwezve cheZvisikwa zvipenyu, chakafanana nemunhu, chakati, "Uya, uone." Zvino anofamba achiuya, oona zvachiri. Uye paanodaro, panouya mutasvi ari pabhiza dema.

257 Zvino, manheru apfuura, takaona kuti mutasvi mumwe chete akatasva bhiza jena aiva mumwe chete ari pane dzvuku iri.

258 Zvino Inzwi rakati, riri pakati peZvipuka, rakadanidzira, munoona. Ipapo, ndokuuya kuzoona kuti chaiva chii: Rakanga riri muZvisikwa zvipenyu izvi. Zvino akaona bhiza dema iri.

> Zvino apo . . . *izwi pakati pe*zvipuka *4* rakadanidzira *richiti, Chiyero che*gorosi *chichatengwa nedhinari, ne—nezviyero 3 zvebhari nedhinari;* asi uone kuti usakuvadza *ma—mafuta newaini.* (Maona?)

259 Mutasvi uyu, ngatitaurei nezvake. Kana mukacherechedza mutasvi wekutanga, kuti aiva ani. Uye takaona, manheru apfuura, maererano neMagwaro, kuti mutasvi wechi 2 akanga ari munhu mumwe chete iyeye, kungoti chete aiva pane rimwe bhiza. Chii chakaitika? Akashandura shumiro yake. Maona? Ndizvozvo. Takaona kuti akanga ari antikristu, uye akanga ashandura nzvimbo yake.

260 Takaona kuti apo iye, pakutanga, raingova bhiza jena, akazova dzidziso. Zvino, takatora chimwe nechimwe chazvo tichidzokera muMagwaro. Maona?

261 Zvino, tarisai patiri, manheru ano, rimwe zera riya rechechi zvino. Maona? Tave kuuya kuzera rechechi yechi 3 zvino. Maona? Chaipo-chaipo pazera rechechi yechi 3, zvakangofanana chaizvo nebhiza rechi 3. Maona?

262 Zvino, zera rechechi rekutanga, raive chii? VaNikoraiti vaiva nedzidziso, munoona, rekutanga chete. Zvakanaka. Uye zvakare, chinhu chekutanga chatinoziva, dzidziso iyi yevaNikoraiti, yakatenderwa uye ikaitwa yechokwadi, ndokutanga kushanda. Zvino vakapfekedza muchinda uyu korona. Zvino, mweya uyu, antikristu, wakava nyama mumunhu. Maona? Uye tinoona kuti, pamberi apo, anozova dhiyabhore munyama, zvakare; dhimoni rinoenda, zvino dhiyabhore anopinda.

263 Uye sekungova kwechechi iyi iri mhando iyoyo, chechi yaantikristu, ichifambira mberi; naizvozvowo Mwenga wakauya nezvinhu zvakasiyana: kubudikidza nokururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, ndokuramba uchienderera mberi, munoona, saizvozvo. Kungoti chete, vakava nerumutsiriro rwavo pakutanga, uye Chechi iri kuva narwo kwekupedzisira. Makore avo 3 ekutanga . . . matanho 3 ekutanga eavo vakapfuura nemuzera rerima; tevere rechi 3, matanho 3, Chechi ndokubva yabuda; kubva pakururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, muna Mwari vari munyama vachiratidzwa pakati pedu. Hoyo achipinda, saantikristu, semuporofita wenhema, tevere chikara, zvino muzera rerima. Zvino Chechi inobuda muzera iroro rerima; kururamiswa, kucheneswa, rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene, Shoko rakaitwa nyama, nzira yacho zvino. Zvino anodzika zasi. Uh-huh. Mazviona here? Anodzika zasi.

Chechi yokwira kumusoro. Maona? Zvakangonyatsokwana sezvazvingava. Oo, zvakanakisa. Ndinongozvida.

264 Mutasvi uyu ndiye mumwe chete, asi nderimwe danho reshumiro yake.

265 Danho rekutanga, bhiza jena, munoona, aingova mudzidzisi, angori mudzidzisi ari antikristu. Aipesana neShoko raMwari.

266 Uye zvino ungava antikristu sei? Ani naani anoramba kuti Shoko rega-rega reizvi harisi rechokwadi, uye zvichizodzidziswa zvimwe chetezvo, ndiantikristu, nekuti vanoramba sho—sho—sho—sho—Shoko. Uye iYe ndiye Shoko.

267 Zvino, danho rekutanga, bhiza jena, aingova mudzidzisi, asi ari mweya waantikristu mudzidziso yake nehunhu hwake. Rakanga risina mhosva. Raisagona kukuvadza chinhu, zvaiita sokudaro; richingoenderera zvaro mberi. Ndiyo nzira iyo Satani anopinda nayo. Oo, ishiri inonyengera.

268 Akaudza Evha, ndokuti, "Zvino, unoziva kuti uri kutsvaga huchenjeri. Iwe hauzive chakanaka nechakaipa." Akati, "Zvino, dai meso ako anga akazarurwa, waizoziva kuti chii." Uye akati, "Muchero wacho unofadza zvikuru. Wakanaka. Uno—unofadza meso. Unofanira kuutora izvozvi. Hauzive kuti unofadza here, kana kuti kwete, handizvo here?"

"Kwete, handizive. Asi Mwari vakati tisadaro."

"Asi, oo, manje, ndinoziva, asi . . . "

"Mwari vakati iVo . . . tinozofa."

269 Akati, "Chokwadi haVangambodaro." Munoona, zvichingotapira sezvazvingava. Onai zvayakaita.

270 Tarisai mweya waantikristu uyu uchisimuka pakati pechechi yekutanga, dzidziso yevaNikoraiti. *Nikao*, "kukunda" ungano, kuita munhu mutsvene. Oo, zvakangoita sezvi-. . . "Zvakanaka, tinongoda kuyanana. Handiti, makapararira kunze uko; hapana anoziva kuti ndiani ari papi. Ndinofunga tose tinofanira kuva nesangano tongova vakasiyana. Munoona, toenda, tozvibatanidza pamwe chete. Tinofanira kuita kirabhu kubva mazviri." Uye ndizvo zvairi. Hakuna chinhu chakadaro chinonzi Christian Church of Methodist. Iyoyo haisi Chechi; ikirabhu. Baptist, haisi Chechi; ikirabhu.

271 Kune Chechi imwe chete, uye ndiwo Mutumbi wakavanzika waJesu Kristu. Uye unozvarirwa maIri, ndizvozvo, nokufanotemerwa. Ndizvozvo chaizvo. "Vose vaNdakapiwa naBaba vachauya. Hakuna munhu angauya kunze kwekunge Baba vamudana. Uye vose vaVakaNdipa, vachauya kwaNdiri." Saka, izvozvo, ndizvo. Vanongo . . .

272 Gwayana rinogara ipapo, richi—richireverera, kusvikira wekupedzisira apinda. Kabhero kadiki kanorira, zvino Anobva abuda otora zviri zvaKe zvino, munoona, ndizvo zvoga; ounza

Chechi yaKe Kumusha, vanhu vaKe. Uye anokandira muvengi waKe muGungwa reMoto, uye nevanhu vake vose vanopindamo pamwe naye, uye ndizvozvo. Zvino tinobva tabuda tichipinda muMireniyamu.

273 Mutasvi mumwe chete, zvino. Danho rekutanga iri, akange asina mhosva. Uye rechi 2, zvino, kana ukati endei kumusoro zvishoma, zvishoma kudarika izvozvo; danho rechi 2, Bhaibheri rakati "aizopihwa korona." Zvino vakapfekedza murume korona, murume wepamusoro-soro. Munoona, vakamupfekedza korona! Uye, zvino, Bhaibheri harina kumudana kuti papa. Bhaibheri rakamudana kuti "muporofita wenhema." Sei? Hongu. Honguka, anofanira kunge ari muporofita wenhema, nemweya wake waantikristu, wakadzidzisa antikristu achipesana neShoko repamavambo. Nokuti, kana akadzidzisa achipesana neShoko repamavambo, aive antikristu. Zvanga zviri. Zvino Shoko ndiMwari, munoona, Kristu. Zvakanaka. Zvino, mushure maizvozvo, tinomuwana zvino apfekedzwa korona. Uye paakapfekedzwa korona, zvino, haana kana mhosva uye haana chaanobatsira. Anongova kamuchinda kadiki.

274 Asi zvino muKanzuru yeNicaea, akagadzirwa saizvozvo, zvino Constantine akamupa zvivakwa zvose. Uye zvadaro akaitei? Zvino iye, munoona, Satani, akamupa chigaro chake chehushe nesimba. Bhaibheri rakataura kudaro, sezvatakapfuura nemazviri.

275 Zvino, chinhu chinotevera chatinoona, ndechekuti dhiyabhore anotungamira zvose zvematongerwo enyika zvakambovapo kana zvichazombovapo. Tinozviona muna Mateo 4:11. Uye zvino tinoona, zvino, kuti Satani aitova nezvematongerwo enyika kare.

276 Asi ari kuedza kutora Chechi, saka anodzika zasi kunoInyengera. Anotora munhu wake wepamusoro-soro, omuita kuti ave musangano, uye omupfekedza korona yekuva "mumirириri," munoona, mumwewo kristu. Kristu akavapo pachinzvimbo chaMwari. Munoona, muchinda uyu mumirириri, pachinzvimbo chaMwari. Maona? Zvakangofanana, "pachinzvimbo chaMwari," zvaanofanira kuva, mumirириri pasi paKristu.

277 Zvino, zvino, paakazviita, zvino akazoitei? Iye, Satani, akatora simba rake rezvematongerwo enyika, rakanga ratova pasi pake, ndokutora simba rechinamato, iro raakanga apfekedzwa korona nechekare, ndokuabatanidza.

278 Uye zvakare ndokumugadzirira imwe korona pamusoro pegehena. Uye avo vakanga vafa, kana vaizobhadhara mari yakakwana, aizovabuditsa. Maona? Saka zvino ndiye—ndiye mumirириri weDenga, ari pamusoro pepurigatorio, sekuidana kwaanoda kuiita. Hakuna chinhu chakadaro muBhaibheri, munoona, asi akatozogadzira chimwe chinhu. Bhaibheri rakati

akabuda mugomba risina hwaro, uye anodzokera nenzira imwe cheteyo. Zvino, panyika, mutongi!

279 Zvino akapiwa chii ipapo? Kutanga, akanga aine uta, asi akanga asina kana museve. Asi zvino ane munondo une simba muruoko rwake. Anogona kuita chimwe chinhu zvino. Anobva asvetuka achibva pabhiza rake jena; bhiza jena harichaonekwa. Zvino anotasva chii? Bhiza dzvuku, ropa, bhiza dzvuku seropa. Iri anonyatsoritasva. Oo, chokwadi. Zvino anopihwa simba guru nomunondo mukuru, kuti auraye, obva atasva bhiza rake dzvuku seropa.

280 Tinoona, kubva paChisimbiso Chechi 2, chakaparurwa nezuro manheru, akanga abvisa rugare panyika uye vakaurayana. Uye vari panhoroondo yake yevakafira chitendero, yechechi yeRoma Katorike, inoratidza kuti vakauraya maProtestanti 68,000,000, kubva panguva yaMusande Hippo we...mushure maMusande Augustine weHippo, kusvika kuma 1,580 ikoko. "68,000,000." *Great Reform* raSchmucker, kana uchida kuiverenga, *Glorious Reform*, waro, munoona. Zvino, 68,000,000 vakanyorwa munhoroondo yevakaurairwa chitendero! Zvokuti mumwe wewavanoti vasande vavo paakangowana chizaruro chekuti wese aipesana nechechi yeRoma anofanirwa kufa seuyo wechinamato chakatsauka, izvozvo zvakabva zvangovanyandura. Vakomana, akabva atanga kudeura ropa! Aka—akasvetukira pane rake jena bhi-..., kana kuti, bhiza rake dzvuku, zvino ndokuenda akatasva. Oo!

281 Zvino simba rake guru ndokuuya. Akaitwa mumirariri weDenga, uye akanamatwa saMwari. Mutongi wepasi rose, nekubatanidza kereke nehurumende pamwe chete, zvakamuita mutongi panyika; vakamupa korona pamusoro pazvo. Aigona kunamatira mweya kuti ibude mupurigatorio. Aigona zvakare kureve-...Akanga akangoita saMwari, panyika, panzvimbo yaMwari. Pamwe chete, aiva nesimba guru rekuuraya chero ani zvake aisabvumirana nemurairo wake. Ndiani achataura kana chii hacho kwaari? Chechi haigone kutaura chinhu; iye ndiye musoro wayo. Hurumende haigone kutaura chinhu; ndiye musoro wayo. Saka, kwakafa mamiriyoni. Machechi ose maduku iwayo, hama, akaparadzwa, nekuuraiwa nekupondwa, nekudyiswa neshumba, nezvimwe zvose. Maona? "Shato," Roma, "yakamupa chigaro chake nesimba." Bhaibheri rakataura kudaro. Maona? Saka akatasva bhiza rake dzvuku rakafananidzirwa, richipfuura nemuropa remunhu, kusvikira rava bhiza dzvuku.

282 Zvino Johane anomuona akatasva bhiza dema. Ashanduka, chimwewo chinhu.

283 Zvino ndinofanirwa ku—kutaura izvi nenzira chaiyo yazvauya nayo kwandiri. Uye zvakare uye kana zvikauya kwandiri zvisingaenderane nemamwe Magwaro ese, saka Mwari

havana kumbozvipa. Munoona, Magwaro anofanira kudaro, rimwe nerimwe, chinongova chinhu 1 chakakura kwazvo—kwazvo chakadaro. Gwaro rinofanira kuwirirana neGwaro. Uye chero chii zvacho chinopesana neGwaro . . . Dai Mutumwa waJehovha uyu akandiudza chimwe chinhu chisiri muMagwaro, handaimboMutenda. Maona?

284 Ndakataura, muChicago imomo rimwe zuva, apo mazana ose evashumiri ivavo . . . Pane akanga aripo here pamusangano iwoyo? Chokwadi. Musangano uya muChicago, ndakati, "Zvino, mose munotaura pamusoro pekuti mune . . . Makafunga kuti manga muchindiisa pakona muno, pane imwe nyaya." Zvaingova sezvazviri mukamuri ino iko zvino. Ndakati, "Chii ichocho? Chamuri kupesana neni." Ndakati, "Mweya Mutsvene wakandiratidza, husiku 3 hwapfuura, kuti mumwe nemumwe wenyu achange ari papi. Uye hatisi kuzonge tiri mune iyo . . . Bvunzai Carl pano kana zvisiri izvo."

285 Zvino hapo paive naHank nevamwe vese, "Ndizvozvo chaizvo." Imi mose makanga muripo kuti munzwe.

286 Ndakati, "Zvino munondipikisa, paDzidziso yangu. Ndiyo nyaya yacho. Zvino ndinoda kuti mumwe wenyu auye pano, zvino utore Bhaibheri rako womira neni, uye woIpikisa." Rakava boka rakanyararisa rawati wakambonzwa. Ndakati, "Dambudziko renyu nderei?" Ndikati, "Zvino, kana uchiziva kuti haugone kumisidzana neShoko, zvino ibva shure kwangu. Imi vanaChiremba veDivinity nezvose, uye muchitaura kuti, pakuzvizivisa sa 'Chiremba,' 'Chiremba,' 'Chiremba.' Uye ini ndiri . . . " (Oo, Hama Wood neni tinoti "wemukaka pamhuno," kana kuti, "mutsva wetsambo.") "Handina dzidzo, handina kumbouya kubudikidza nemuseminari ipi zvayo kana chikoro. Asi tora Bhaibheri rako uuye pano womira padivi pangu, wopikisa mbeu yenyoka, rubhabhatidzo muZita raJesu, kana chimwe chezvinhu izvozvo zvandinodzidzisa." Hapana kana akati bufu. Imi mose munozviziva. Rakava boka rakanyararisa rawati wamboona.

287 Munoona, vanongokwamatata kunge hameno-hameno. Zvino, zvino hechinoi ichi. Ini handitendi mukukakavadzana nevanhu, asi kana zvasvika pane imwe nzvimbo yavanoedza kukudhonzera mazviri. Uye ndingadai ndisina kuendako, asi Mweya Mutsvene wakandiudza, kuti, "Enda hako ikoko. Ndichamira newe."

288 Ndakavaudza, mazuva 3 kana 4 nguva yacho isati yasvika. Imi mose makanga muriko uye mukanzwa VaCarlson nevamwe, na—naTommy Hicks. Navo vose vagere ipapo. Zvino ndakaenda, mazuva 3 nguva yacho isati yasvika, zvino ndakati, "Muchakanzura nzvimbo iyoyo."

289 Hwaiva husiku hune dutu. Ndaiva nemusangano. Akati, "Enda, unomira pahwindo iro, pamusuwo mudiki uyo wechi

3 apo." Zvino ndakaendako ndokumira imomo chaimo. Ndakatarisa panze saizvozvo.

290 Akati, "Vane muteyo wavakakuisira. Vachakukumbira kuti utaure paMinisterial Association yeGreater Chicago iyi." Akati, "Vane muteyo wavakakuisira, padzidziso yako yeShoko raNgu."

291 Akati, "Manje, vachakanzura nzvimbo iyo iri uko. Havasi kuzoiwana. Uye vachawana imwe nzvimbo, inenge iri bhurauni." Akati, "Heano mataridzikiro ayo." Ndakamira, ndikazviona ndiri mukona; ndikatarisa kumashure uko ndokuona. Ndakavaona vese ipapo. Ndakavaona vashumiri vose vagere ipapo, sezvavakanga vari. Ndakavatarisa kwese. Zvino Iye akati . . .

292 "Oo," ndakafunga, "zviri nani ndirege hangu kuendako, Ishe, kana vari kuzoita izvozvo. Handidi kuvarwadzisa manzwiro avo kana kuita chero chinhu chisiricho."

Akati, "Enda. Ndichamira newe." Akazviita. Ndizvozvo chaizvo.

293 Zvino, imi mose, pane zvapupu ipo pano, zvainge zvakagara ipapo uye zvichiziva kuti ichokwadi. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, mune matepi pano, zvakare. Asi, hezvoka izvo, munoona.

294 Zvino, zvino hechi chakavanzika cheichi. Uye zvino, iCho, paChandizarukira mangwanani ano, kusati kwaedza. Zvino ndaenda nekukasika kuRugwaro ndikatanga kutarisa, kuzvitsvagurudza. Hapo pazvanga zviri. 3 zvazvo, pari zvino, zvanyatsozarurwa zvemazvirokwazvo, pamweya. Hongu. Zvino hechinoi chakavanzika chebhiza dema, maererano nezvandazararirwa.

295 Akatanga kuritasva munguva yemazera erima. Ndizvo zvaimiririrwa nebhiza dema, mazera erima, nokuti yakanga iri nguva yepakati pousiku kuvatendi vechokwadi vakanga vasara. Tarisai zvino muzera iroro rechechi, zera iroro rechechi repakati, zera rerima rechechi. Tarisai kuti Anotaura sei, "Unongova nesimba shoma." Paiva pakati pehusiku kwavari, kumutendi wechokwadi. Zvino tarisai. Chaizvoizvo tariro yose yakanga yabviswa muChechi yechokwadi, nekuti muchinda uyu aiva nechisimba pamusoro pezvose chechi nehurumende. Vachaita sei? Munoona, chiKatorike chakanga chakatora masimba, zvose kereke nehurumende. Uye vose, vakanga vasingabvumirani nechiKatorike, vakaurayiwa. Ndicho chikonzero aiva ari pabhiza dema. Uye tarisai kuti chinhu chakasviba zvakadini chaakaita, munoona, zvino munogona kuona. Uye unongo . . . Kana muchiziva nhoroondo yenyu, zvitarisei, zvino mucha . . . Asika, hauzodi kuti unge uchifanira kutomboiziva, kuti—kuti uzive Izvi. Zvino tarisai. Tariro yese yakanga yapera. Ndiro bhiza rake dema.

Zvino, akatasva bhiza rake jena, ane mano.

296 Akabva apihwa simba; akatora rugare, akauraya mamiriyoni. Ndizvo zvaaizoita paaipfuurira mberi akatasva. Uye achiri kutozviita. Maona?

297 Zvino, heunoi ari pabhiza rake dema zvino, achiuya. Zera rerima, ndiyo yaive nguva iyoyo. Panguva imwe cheteyo mushure mekunge chechi yachimira, uye yava nesimba, vakaparadza zvimwe zvose. Uye vakapfuura, angangoita, mazana nemazana nemazana emakore, ndeizvo muverengi wese anoziva semazera erima. Vangani vanozviziva? Chokwadi, mazera erima. Hero bhiza rako dema, richimiririra zera iroro rerima. Zvino, tariro dzose dzaenda; pachisina tariro zvachose. Zvinhu zvese zvairatidzika serima, kuvatendi vadiki. Zvino, ndicho chikonzero richidanwa, richimiririrwa, nebhiza dema.

298 "Zviyereso zvake, kana zvikero zvake, zviri muruoko rwake," munoona. Ndokudanidzira kuti, "Chiyero chegorosi chichatengwa nedhinari, nezviyero 3 zvebhari nedhinari." Munoona, chaizvoizvo, kureva kuti, gorosi nebhari zvinhu zvehupenyu hwepanyama. Ndizvo zvinogadzira chingwa nezvimwewo. Asi, munoona, akanga achizvibhadharisa izvi. Zvazvinoreva, ndezvekuti, akanga achibhadharisa vanhu vake pane mhando yetariro yehupenyu yaainge ari kuvatumira, nokuita . . . Akatanga panguva iyoyo chaiyo, yekuvaita kuti vabhadharire minamato, kubhadharisa minamato. Vachiri kuzviita; manovhina.

299 Nokuti, akanga achiitei? Achitapa hupfumi hwenyika. Chikero, chichiyera, "Chiyero chegorosi nedhinari; zviyero 3 zvebhari nedhinari." Mutasvi ari pabhiza dema, munoona, akanga achigadzira . . . achitorera vanhu vake mari dzavo. Apo, Bhaibheri rinofanotaura kuti akabata, potse, hupfumi hwepasi rose. Sezvatakataura manheru apfuura nezveRussia, uye nezvese izvozvo, vanongotora mari yose uye vongotorera vanhu zvose zvavanazvo, zvose. Saka, hezvoka izvo.

300 Zvino cherechedzai. Muri kuona here zvekutora mari zviya zvekare, muchechi, kwazvinobva? Ibvai pazvinhu izvozvo; zvekuvaka sangano, chimwe chinhu chikuru, chemamiriyoni emadhora pano. Uye—uye munoona kuti mai vacho ndiyani?

301 NdinoKutendai, Ishe. Oo, ini zvangu! Ndinofara zvikuru. Hongu, changamire. Zvakanaka. Dzanga dziri nyasha dzaVo. Ndizvo zvoga. Zvakanaka. Zvakanaka.

302 Yanga iri nguva yepakati pehusiku. Munozvinzwisisa here zvino? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Zvino hoyo achibhadharisa mhando yehupenyu uhwu, ndiyo bhari yake nezvimwe, zvepanyama; hazvisi zvepamweya, zvino. Yaiva bhari, munoona, saka, nechingwa chebhari nechingwa chegorosi. Aibhadharisa mhando yehupenyu hwakadaro hwaaipa kuvanhu vake. Kubhadharisa minamato kubudikidza nevaprisita, kunamatira vanhu kuti vabve mupurigatorio.

Kubhadharisa! Zvino ndiri kutora izvi kubva munhoroondo chaimo. Kubhadharisa, ndinofungidzira, inovhina, ndinofunga kudaro, izvo iyo . . . munhu wese pano anoziva kuti chii . . . Novhina, ndinofunga ichi chimwe chinhu chaunofanira kuita, munoziva, kumwe kazvirwadzisa. Pane anofanira kubhadharisa izvozvo. Achiunza hupfumi hwenyika kwaari, maari iye, muchechi pachayo. Uye achiri akatasva. Oo, chokwadi atori. Hongu, changamire. Achiri akatasva!

303 Cherechedzai. Hechino chikamu chakanaka zvino. Cherechedzai.

. . . uone kuti usakuvadza *waini* iyi ne*mafuta*.

304 "Zvingori zvishomanini zvaZvo zvasara ipapo, asi usaZvibate!"

305 Zvino, mafuta ndiwo . . . anofananidzira Mweya, Mweya Mutsvene. Ndichakupai mavhesi mashoma kana muchida henyu. Kune Magwaro 2. Muna Revhitiko, 8:12, apo Aroni, asati apinda, aifanira kuzodzwa nemafuta, munoziva. Uye muna Zekaria 4:12, yemafuta aiuya, achidururwa mumapaipi, ndokuti, "Uyu ndiwo Mweya waNgu, Mafuta." Chimwe chinhu, kana uchida kuona Mateo, 14 . . . 25, kwaiva nemhandara yakapusa, kana kuti 25:3, mhandara yakapusa yakanga isina Mafuta, isina Mweya. Uye Mateo 25:4, mhandara yakachenjera yakanga ine Mafuta mumwenje wayo, yakazadzwa neMweya. Mweya! Mafuta anofananidzira Mweya. Oo, kubwinya! Zvakanaka. Mazvibata here? [Ungano inoti, "Ameni."—Mupepeti] Zvakanaka. Zvino, mafuta anofananidzira Mweya.

306 Uye waini inofananidzira kutekenyedza kwechizaruro. Oo, nda—ndada kumhanya kwese-kwese. Hameno kana ndisina kumutsa nharaunda yese, Ishe pavandiratidza izvi, munoona, "kutekenyedza kwechizaruro." Maona?

307 Mafuta newaini, muBhaibheri, zvinobatanidzwa pamwe chete, nguva dzese. Ndakatora bhuku rendima dzinoenderana ndokutarisa. Pane rundaza rwadzo, idzo sedza—*dzakadaro*, apo waini nemafuta zvinofambidzana, nguva dzose. Maona?

308 Kana Chokwadi cheShoko raMwari rakavimbiswa chanyatsozarurwa kuvatsvene vaVo vakazadzwa neMafuta, vose vanotekenyedzwa. Waini inotekenyedza. Kubwinya! Ndiri kutoInzwa izvozvi. Kutekenyedzwa nemufaro, kudanidzira! Maona? Uye, kana Yadaro, Inoita zvimwe chetezvo pavari zvi—zvinoitwa newaini pamunhu wepanyama. Nekuti, kana chizaruro chapiwa, cheZvokwadi yaMwari, uye mutendi wechokwadi akazadzwa neMafuta, uye chizaruro chazarurwa, kutekenyedzwa kunova kukuru kwazvo zvekuti Vanomuita kuti azvibate nenzira isingatarisirwe. Ndizvozvo. Kubwinya! Muri kuona, ndiro dambudziko ravo iko zvino. Ndizvozvo chaizvo, zvinovaita kuti vazvibate nenzira isina kufanira.

309 Zvino, kana muchida Gwaro razvo, chingotangai kuverenga Mabasa 2. Vari kupi? Vanga vane vimbiso yakanga yakapihwa kwavari. Apo vimbiso yose yeMweya Mutsvene yakadururwa pamusoro pavo. Uye yaive . . . Yakasimbiswa neMagwaro. Zvino, munoona, izvo . . .

310 Ko dai vainge vakati . . . "Zvino, mirai, Akatiudza kuti timirire shumiro yedu kumusoro kuno." Uye mushure memazuva 8, vobva vati, "Zvinoka, ndinokuudzai, vakomana," Marko akati kuna Mateo, "ndi—ndinotenda kuti tatova naWo, hama. Hamufunge kudaro here? Munoona, tatova naWo kare. Takamirira shumiro yedu zvino, tinofanira kungobuda kunze, tichiparidza. Akatiudza kuti tiuye kumusoro kuno tigomirira, uye ava mazuva 8 tiri muno."

"Zvakanaka, ngatimirirei rimwezve."

311 Mazuva 9 akasvika. Marko ndokuuya, kana—kana—kana zvichida mumwe wavo vese, Johane, akati, "Ndi—ndi—ndinotenda kuti hatichafanirwa kuramba takamirira zvakare. Ndinotenda kuti tatova naWo. Hamudaro here?"

312 Zvino ndinoona Simoni, nokuti ndiye aiva nemakiyi, munoziva. "Zvino chimbomirai zvishoma, vakomana! Gwaro rine zvarinotaura pamusoro pazvo. Haana kumbotiudza kuti mazuva mangani chaiwo ekumirira. Akati, 'Imi garai ipapo kusvikira! Garai ipapo kusvikira chiporofita chaJoere chaitika, kutozosvikira chiporofita chaIsaya chasimbiswa.'"

313 "Nekuti nemiromo inokakama uye nedzimwe ndimi Ndichataura kuvanhu ava. Zvino iyi ndiyo vandudzo." Iyi ndiyo waini inodururwa. Waini chii, muBhaibheri? Vandudzo. "Iyi ndiyo vandudzo inobva muHupo hwaJehovha." Maona? Zvinofanira—zvinofanira kuva zveMagwaro zvino. Maona?

314 Saka, munoona, waini inomiririra kutekenyedza kwechizaruro. Zvino Mweya Mutsvene pawakaburuka, zvino vakaona Moto waMwari uchiwira pamusoro pavo, ini zvangu, zvakatanga kuvatekenyedza. Uye chinhu chekutanga munoziva, vakatekenyedzwa zvikuru zvekuti vanhu vakatofunga kuti vainge vakadhakwa, asi vainge vatekenyedzwa nechizaruro. NechaMwari . . . Hechinoka ichi! Chizaruro chaMwari chakasimbiswa, chakajekeswa kwavari, vakafara naCho. Mwari vakazvivimbisa. Hepano chakazarurwa kwavari, uye chikasimbiswa kwavari. Ameni! Heuno murume akanga akamirapo, achiti iye, "Izvi ndizvo Zviya! Ndizvozvi zvaCho!" Uye heZvoka, zvichisimbiswa nechiratidzo chimwe chete chatinacho nhasi. Pane—pane kutekenyedzwa nechizaruro. Maona? Zvino, apa, vakanga vava naWo zvino.

315 Ndicho chikonzero Petro aikwanisa kubuda kunze ikoko, achiti, "Zvinoka, imi varume veJudhea, nemi munogara muJerusarema, teererai kwandiri. Imi mose anaChiremba veDivinity, teererai kune zvandichakuudzai, munoona."

316 Oo, zvinoshamisa zvikuru! Zvazarurwa! Zvazarurwa! Vakabva vanyanya kutekenyedzwa pavakazviona zvichisimbiswa. Izvozvo zvinongogara zvichidaro. Zvinodaro nguva dzese.

317 Pandinoona kuti Mwari vakavimbisa kuita chimwe chinhu muzuva rino, paVakavimbisa kuparura Zvisimbiso izvi muzuva rino rekupedzisira! Zvino hamuzive mufaro, kubwinya, pandaVaona vachizarura izvi, ndakamira ipapo ndichizviona zvichiitika! Nekuziva kuti ndingatora chero ani zvake, kuti anongedze: haVana kumbotaura chinhu chimwe kwatiri kunze kwezvakaitika nenzira iyoyo. Uye zvakare kuona mufaro uri mumoyo mangu, pandinoona vimbiso yaVo yemazuva ano ekupedzisira, sekuvimbisa kwaVakaita kuzviita. Uye pano ndinozviona zvakasimbiswa uye zvakanyatsoitwa kwazvo. Ndiri kungo . . . Munondinzwa ndichiti, "Ndinonzwa manyukunyuku ekunamata." Ndiyo nyaya yacho. Kutekenyedza kwacho kwakanyanyisa, nda—nda—ndango—ngosvika pakuda kupengereka chaiko, munoziva. Kutekenyedzwa, nechizaruro! Zvakanaka.

318 Vakasvika pakunyatsotekenyedzwa, pamusoro pechi—chizaruro, chavakasimbisa, zvakanaka, vimbiso. Zvino, oo, ini zvangu! Pakaputika mufaro wekutekenyedzwa, kusvikira vanhu vati, "Vakadhakwa newaini itsva ava," Mwari pavakazarura vimbiso yaVo kwavari. Uye haVana kungoizarura chete, asi Vakairatidza.

319 Ndizvo zvandakagara ndichitaura. Munhu anogona kutaura chero chinhu, hongu, anogona kungotaura chero chinhu; asi kana Mwari vakauya vozvisimbisa!

320 Zvino, Bhaibheri rakati, "Kana aripo mumwe pakati penyu, anozviti ndewemweya kana muporofita, kana akataura zvinhu izvi uye zvikasaitika, zvino musamuteerere. Musambomutya, zvachose. Musatya munhu iyeye. Asi kana akazvitaura uye zvikaitika; ndiNi, munoona. Ini, Ndiri mazviri. Zvinoratidza kuti ndiNi."

321 Uye, zvino, mudzimai mudiki uya muSamaria. Apo Gwaro rakati Mesiya uyu aizoita zvinhu izvi, zvino hepano Akamira ndokuzviita nemazvo zvakataurwa neGwaro. Akati, "Hoyo paAri. Huyai, muone Murume! Handicho here chinhu chaicho chakanzi neGwaro chaizoitika?" Munoona, akatekenyedzwa nechizaruro. Ndizvo here? Akatekenyedzwa nechizaruro, pachakasimbiswa. Maona? Ndizvozvo chaizvo. Aiziva kuti paiva . . .

322 "Tinoziva kuti Mesiya ari kuuya, Anonzi Kristu. Uye paAnouya, Achaita zvinhu izvi." Akazviona.

Zvino iYe ndokuti, "Ndini iYe."

323 Ipapo kutekenyedzwa kukabva kwakatanga. Ndiye hutu achienda zvake, achidanidzira, achidzika nemuguta. Akasiya

chirongo chake chekare chemvura, ndokudzikako, ndokuti kuvanhu, "Uyai, muone!"

324 Zvino, dai waiziva chete tsika dzekuMabvazuva, zvakaipa kuti aite izvozvo. Hongu, changamire. Mukadzi wemhando iyoyo, hapana aizomuteerera. Kwete, changamire. Munoona, aiva nemucherechedzo, zvino paakazo . . . Kana aizoenda achidzika nenzira saizvozvo, uye oita saizvozvo, vanhu vemumugwagwa havaimuteereri.

325 Asi, hama, anga aine Shoko reHupenyu ipapo! Akatekenyedzwa. Waigona . . . Zvanga zvakafanana nekuedza kudzimura imba, iri kubvira nemoto, pazuva rine mhepo. Oo, pane chinhu chiri kuufuridzira! Akanga—akanga agadzirira. Hongu. Havana kukwanisa kuUdzimura. Waiva Moto waMwari waipfuta. Hongu, changamire. Akati, "Kana musingatendi kuti ndizvo, chingouyai kuno uku kuri kuitirwa musangano wacho. Ndichauratidza kwamuri." Hongu. Ndizvo. Hongu. Hongu, changamire.

326 Naizvozvo vanhu vakaendako. Zvino haAna kuzozviita imwe nguva zvakare. Asi vakaziva kuti pane chakanga chaitika kumudzimai uyu. Ainge ashandurwa, saka vakaMutenda. Hongu, changamire. Vakatenda kwaAri.

327 Nekuti, "Kutenda kunouya nekunzwa, kunzwa vimbiso yaMwari, Shoko raMwari, nekuRiona richiitwa remazvirokwazvo." Nekuti, Imbeu. Uye kana Yadyarwa, Inotora Hupenyu. Inoburitsa izvo chaizvo zvaIri kutaura nezvazvo. Kana ikasadaro, zvino haisi Mbeu yaMwari. Kana kuti, mukushi haana kuziva kuti Inodyarwa sei; haAna kutumwa naMwari, kuzodyara Mbeu. Anogona kunge achiDzidyara pamusoro pedombo kana chimwe chinhu. Maona? Saka mu—saka munoona, mukushi anodyara Mbeu, Mwari vanoIchengetedza, Ikawira panzvimbo chaiyo, munoona. Oo, ini zvangu!

328 Zvino Rinoti kudii kumutasvi uyu akapfeka zvitema? "Usakuvadza waini yaNgu neMafuta aNgu! UsaZvibate, waini yaNgu neMafuta! Ndine zvishoma zvaZvo zasi uko, asi kuchine zvishoma-shoma ikoko. Hongu. Zvino unokwanisa kuenderera mberi nekuyera mhando yese iyi yehupenyu yauri kubuditsa; zviri kwauri. Uchazvibhadharira zasi uko. Asi paunosangana newaini iyoyo neMafuta, iwe Zvisiye zvakadaro!" Oo, ini zvangu! Kana uchikwanisa, kana iwe . . .

329 Nemamwe mashoko, sekudai, "Kana ukabata mamwe eMakwayana aNgu maduku, akazadzwa neMafuta aNgu newaini, munoona, waini neMafuta eShoko rakachena, munoona, uye uchizovauraya. Nokuti, iwe, uri kuzviita. Ndizvo zvauri kuita. Usavamanikidza kutaura chero ana 'Kwaziwa Maria,' kana kuita chero chinhu chakadaro, kana zvimwe zvezvitendwa zvako. Iwe bvisa maoko ako pavari. Vanoziva kwavari kuenda, nekuti vakazodzwa neMafuta aNgu. Uye

nekuti vakazodzwa neMafuta aNgu, vane waini yemufaro, nokuti vanoziva Shoko raNgu revimbiso, 'Ndichavamutsa zvakare.' Usakuvadza Izvozvo! Usaedze kuvakanganisa. Nokuti, ingogarira kure naZvo. Kwete." Zvose . . .

330 Vanosimbisa Shoko raVo nokuRiunza mukati. Vaiziva. Vaiziva kuti vaizomuka zvakare. Oo, ndinozvifarira sei! Fiyuu! Vachamuka zvakare. Heri bhiza dema richiuya, rakatasvwa zvino, mumazera erima.

331 Hero bhiza jena richienda; takaona zvaakaita, zvakakwana. Hero bhiza dzvuku richiuya; tinoona chaizvo zvaakaita. Hero bhiza dema richiuya. Munoona, mutasvi mumwe chete nguva dzose, zvaari kuita, zvichidzika nemumazera chaimo.

332 Zvino tinoona kuti, akariyera nekuribhadharisa, chaizvo: gorosi, repanyama, hupenyu hwepanyama. Ndizvo zvavairarama nazvo.

333 Asi, zvichifananidzira; Mweya, Mafuta; uye nemufaro wewaini. "Ihwohwo Hupenyu hwepamweya, usaHukuvadza. Husiye Hwakadaro!" Kana kuti, "Iwe Roma, usaHubate! NdehwaNgu! Ndehwangu iNini!"

334 Zvino ndine chimwe chinhu pano chandiri kuda kuti muzive. Cherechedzai, chakanga chisiri chimwe cheZvipuka 4 chakati, "Usabate Mafuta newaini." Mazvicherechedza here? Zvipuka 4 zvakanga zvichitaura, asi . . . Tarisai, regai ndingoverenga pano, zvishoma chete, munoona, zvino.

> . . . *chiyero*, dhinari, *ne—ne* . . . gorosi *nedhinari, nezviyero 3 zvebhari nedhinari;* uye uone kuti usakuvadza *waini ne . . . mafuta.*

335 Zvino teererai apa.

> Zvino nda—zvino ndakanzwa *izwi pakati pe*zvipuka 4 . . .

336 Chaiva chii? Gwayana! Ameni! Zvakanga zvisiri Zvipuka 4. IGwayana rakazvitaura. Sei? Riri kuzotora vaRo pachaRo. Avo vanova vaRo. Ndiro rakavadzikinura. Maona? Ameni! "Usabate Mafuta iwayo!" Kwete, changamire. Kwete Zvipuka 4, asi Gwayana ndiRo rakazvitaura. Uye, oo, ini zvangu! Gwayana! Kwete . . . Zvipuka 4 hazvina kuzivisa izvi. Gwayana rakadaro, pachaRo.

337 Zvipuka 4 pazvakati, "Huya uone," ndokuenda, ndokuzviona saizvozvo.

338 Uye Akati, "Chiyero chegorosi chichatengwa nedhinari, uye nechiye- . . . uye yakawanda *sekudai*, nebhari yakawanda kudai." Asi Gwayana rakabva radanidzira, pakati pavo chaipo, rikati, "Asi usakuvadza waini neMafuta!" Uh-huh. Ndizvozvo chaizvo. Oo, ini zvangu! Teererai kazviri, "UsaZvikuvadze, vakomana, kana kuti uchazvibhadharira rimwe zuva." Oo, ini zvangu!

9:30.

339 Zvino, pakunzwisisa kwangu kwakanakisisa, nezvakanakisisa zvandinoziva, uye nezvose zvandinotenda mumoyo mangu, ndizvo zvechokwadi zvinorehwa neZvisimbiso 3 izvozvo. Ndinoda kutenda Mwari nazvo. Uye ndichataura izvi, kuti, ndicho chizaruro chaVandipa. Vachipa kwandiri, chizaruro chaCho. Uye ndinotenda kuti tiri kurarama mumazuva ekupedzisira.

340 Mangwana manheru tichatora mutasvi webhiza pfumbu. Uye zvino handizive. Handizive. Mwari vanoziva kuti ichokwadi. Handizive chinhu chimwe chete nezvazvo. Kwete.

341 Ndatarisa zvinyorwa zvangu zvekare zvandaiva nazvo makore akapfuura. Ndaona Hama Graham Snelling nguva shoma yapfuura; vangangodaro vabuda. Asi, ndinorangarira pandakanga ndichiparidza pano, kumashure. Ndatsvaga kuti ndione zvandakataura makore akapfuura. Rimwe zuva ndaiverenga muBhuku raZvakazarurwa, ndakatora vatasvi vemabhiza vose 4 panguva imwe chete.

342 Ndakati, "Bhiza jena, ndiyo yaive chechi yekutanga, pasina kupokana." Ndakazviverenga kubva mubhuku remaAdventisti. Uye ndakaverenga chimwe chinhu imomo. Ndakati, "Ndiyo yaiva chechi yekutanga yakabuda, ichikunda." Zvino raitevera raiva bhiza dema, ndakati . . . Ndakanganwa zvino zvandakadaidza bhiza dema iroro. Ndakati . . .

343 Kana kuti, "Bhiza dzvuku," waro, ndakati, "bhiza iroro pamwe raireva kuti—kuti dambudziko riri munzira, uye zvichareva kuti hondo zhinji dzichaenderera mberi, kana chimwe chinhu chakada kudaro." Ndakati, "Zvichida pachava nehondo zhinji." Ndakati, "Ndizvo zvazvingazova." Ndakabva ndati, "Pfu—pfumbu bhi- . . . "

344 Kana kuti, "Bhi—bhiza dema," ndakati, "zvi—zvinoreva kuti—kuti pamwe pachauya nguva yerima panyika, apo nyeredzi dzose dzicha—dzicharega kupenya; zuva richavira, uye mwedzi hauzopi chiedza chawo." Ndakati, "Zvichida ndizvo zvinoreva izvozvo."

345 Ndakati, "Bhiza pfumbu, rinoreva kuti hurwere hwakawanda huri kuuya." Zvino, handizive zvazvinoreva. Asi, ndiyo, ndiyo yaiva dudziro yangu yazvo panguva iyoyo, nokuti ndakangozvitora nepandaigonesesa napo, ndakamira pano papurupiti.

346 Asi, oo, ndapotsa ndataura chimwewo chinhu! Zvakanaka. Hum! Oo! Mucha—muchaona. Ingotarisai, munoona.

347 Zvino, oo, hatifare here nenguva ino yatiri kurarama! Patinoona nyaya yacho yese ichisvika kumagumo, ndinofunga:

Nyika dziri kupamuka, Israeri iri kupepuka,

Zviratidzo izvo zvakafanotaurwa nevaporofita;
Mazuva eMarudzi ave kupera, azere nekutyisa;
"Dzokerai, O imi makapararira, kune yenyu."

Zuva rerudzikinuro rave pedyo,
Moyo yevanhu iri kukundika nekutya;
Ivai makazadzwa neMweya, marambi enyu akagadzirwa uye akajeka,
Tarisai kumusoro, rudzikinuro rwenyu rwava pedyo! (Oo, ini zvangu!)

Vaporofita venhema vari kunyepa, Zvokwadi yaMwari voiramba,
Kuti Jesu Kristu ndiye Mwari wedu;

MunoZvitenda here?

Asi tichafamba nepakafambwa napo nevaapostora.

Nekuti zuva rerudzikinuro rave pedyo,
Moyo yevanhu iri kukundika nekutya;
Ivai makazadzwa neMweya, marambi enyu akagadzirwa uye akajeka,
Tarisai kumusoro, rudzikinuro rwenyu rwava pedyo!

348 Hazvina kunaka here izvi? Ndinozvida izvozvo. Rudzikinuro rwava pedyo.

Uye kuchava neChiedza munguva yemanheru,
Nzira yemuKubwinya uchaiwana zvechokwadi;
Munzira yemvura, ndicho Chiedza nhasi;
Wakavigwa muZita rinokosha raJesu.
Vaduku navakuru, tendeukai chivi chenyu chose,
Mweya Mutsvene zvirokwazvo uchapinda mukati;
Chiedza chamanheru chauya,
Ichokwadi chekuti Mwari naKristu ndiye Mumwe chete.

Ndiye Shoko! Oo, ini zvangu! Zvinoshamisa!

Nenguva isipi Gwayana richatora Mwenga waRo kuti agare nguva dzose parutivi rwaKe,
Hondo dzose dzeKudenga dzichange dzakaungana;
Oo, chichava chionwa chinobwinya, vatsvene vose vakapfeka zvichena zvisina gwapa;
Uye naJesu vachadya mabiko Nokusingaperi.

Oo, "Huyai mudye," Tenzi vanodana, "Huyai mudye;"

Oo, unogona kudya mabiko patafura yaJesu
nguva dzose;
Iye akapa ruzhinji zvokudya, ndokushandura
mvura ikava waini,
Kune vane nzara anodana zvino, "Huyai
mudye."

Oo, "Huyai mudye," Tenzi vanodana, "Huyai
mudye;" (Idyai paShoko!)
Unogona kudya mabiko patafura yaJesu nguva
dzose;
Iye akapa ruzhinji zvokudya, akashandura
mvura ikava waini,
Kune vane nzara anodana zvino, "Huyai
mudye."

349 Oo, ini zvangu! Une nzara here? "Vakaropafadzwa vane nzara nenyota yekururama."

350 MunoMuda here? MunoMuda here? Kiyi ye *NdinoMuda*, munoziva. Ngatingosimukai tose zvino, tosimudza maoko edu tozviratidza kwaAri. "NdinoMuda, ndinoMuda nekuti ndiYe akatanga kundida." Zvakanaka, tose pamwe chete zvino.

NdinoMuda, ndinoMuda
Nokuti ndiYe akatanga kundida
Ndokutenga ruponeso rwangu
Pamuti weKarivhari.

351 [Imwe hama inotaura nendimi—Mupepeti] Ngatingovai nekuremekedza chaiko. Tine muturikiri pano, Hama Higginbotham. Handizivi kana vari pano manheru ano, kana kuti kwete. Tinoda, kuziva zvaVataura kwatiri. Imbomirai zvishoma. Heyo, heyo . . . [Imwe hanzvadzi inodudzira.]

352 Chokwadi, Ishe ngavarumbidzwe! Kutenda kwangu kwasimudzwa kumusoro muna Mwari. Iwe, unoMuda, manheru ano, nemoyo wako wose here? Oo, Murumbidzei, muti, "NdinoKutendai, Ishe Jesu!"

353 TinoKurumbidzai zvakanyanya, nemoyo yedu yose, Ishe! Mbiri kuna Mwari!

354 IngoVapai rumbidzo, imi vanhu mose. Mwari vave nemi!

Chisimbiso Chechitatu SHO63-0320

(The Third Seal)

Mharidzo dzakatevedzana dzeChizaruro CheZvisimbiso Zvinomwe

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chitatu manheru, Kurume 20, 1963, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2023 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

Voice Of God Recordings, Zimbabwe Office
8 St. Annes Road, Avondale, Harare, Zimbabwe

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri yaJesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa nevekuVoice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

Voice Of God Recordings
P.O. Box 950, Jeffersonville, Indiana 47131 U.S.A.
www.branham.org